

Volume 5, Nomor 1, Juni 2018

ISSN 2356-1343

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



9 772356 134005

Ana Literasi Esuk Ning Taman Cimanuk

Drs. Sutejo (Kapala Balai Bahasa Jawa Barat)

Ningkataken Sikap Positif Masyarakat

Dumateng Basa Indonesia Lan Basa Daerah

BALAI BAHASA JAWA BARAT

Volume 5, Nomor 1, Juni 2018

ISSN 2356-1343

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



Pemimpin Redaksi

Drs. Sutejo

Redaktur

R. Yulli Adam Panji Purnama, M.Sn.
Deyanti Asmalasari, S.S., M.Pd.

Desain Grafis

Harris Sukristian

Fotografer

Setiawan

Redaksi majalah *Pesisir* nampi tulisan liputan budaya, puisi, crita cindek, piwulang, panganan, guyonan, lan segala rupa tulisan seni budaya lan basa Cerbon-Dermayu. Tulisan diketik 1,5 spasi, maksimal 3 lembar A4, dilampiri identitas, poto diri, poto liputan, lan keterangane. Kirim liwat alamat redaksi utawa pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Alamat Redaksi

Balai Bahasa Jawa Barat

Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung

Telepon: (022) 4205468, Faksimile: (022) 4218743

Laman: www.balaibahasajabar.web.id, Pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Ater-Ater

Alhamdulillah, Majalah Pesisir saged medal malih kanggé Volume 5, Nomer 1, Juni 2018 puniki. Ngentosi majalah ingkang medalé saben enem sasih, pancén lami. Nanging kenyataan puniki ingkang nembé saged disukakaken Redaksi kanggé nyiaraken perkawis basa, sastra, lan kemasyarakatan teng wewengkon wilayah kabudayan Cerbon-Dermayu.

Tema kangge edisi Juni puniki yaiku *Literasi*. Gerakan Literasi Bangsa minangka program ingkang unggulan saking Badan Pengembangan lan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan lan Kebudayaan kangge ngurip-uripaken budi pekerti para putra kelawan budaya *literasi* (mahos lan nyerat).

Wonten dateng rubrik Nyawang, dipun angkat kegiatan ngampar buku ning Taman Cimanuk. Redaksi angangkat gumeregahing kegiatan puniki wonten dateng judul “Ana Literasi Esuk ning Taman Cimanuk” (kaca 3-5). Literasi ning Taman Cimanuk dadi sawiji solusi sing pas kanggo ningkataken minat baca masyarakat. Wonten rubrik Napak Tilas kelawan judul “Kenalan Sareng Kuya Belawa (kaca 6-7)” lan “Asa-Usulé Wit Nagasari (kaca 8-9). Uga ana profil Kepala Balai Bahasa Jawa Barat dipun angkat wonten dateng rubrik Penggede kelawan judul “Drs. Sutejo: Ningkataken Sikap Positif Masyarakat Dumateng Basa Indonesia lan Basa Daerah” (kaca 10-11).

Teng wewengkon kabudayan Cerbon-Dermayu, nyatané wonten basa lan aksara ingkang unik. Secara linguistik ngrupiaken basa Jawa dialék lokal (basa Jawa dialék Cerbon lan basa Jawa dialék Dermayu). Secara sosial, masyarakat nggadahi pengakuan minangka basa ingkang mandiri, ingkang kasebat Basa Cerbon lan Basa Dermayu. Kekhasan basa Cerbon-Dermayu ugi wonten teng seratan Kawruh Basa, “Limang Perkara Tembung, Beda Basa Dermayu lan Basa Jawa Wetan” (kaca 24-23) lan “Basa Jawa Cerbon/Dermayu Inggang Dienggé teng Kabupatén Karawang” (kaca 22).

Wonten dateng Majalah Pesisir edisi ingkang saniki kathah sanget kiriman artikel ingkang angrupakaken karya sastra, utamanipun puisi. Wonten puisi-puisi Dasma (kaca 32), puisi H. Radilah lan Wahyu Iriana (kaca 33-34). Sanesipun puisi, wonten crita cindek Imam Emje, “Cungkring Gegulat Ilmu” (kaca 27-29) lan crita cindek Elsa Mutiara Ningsih, “Bandha Dadi Memala, Pangkat Dadi Pemikat” (kaca 30-31). Ana maning Guyon Selakon, ingkang dipun serat dening Maya Dewi Mulyani (kaca 21). Uga mboten ketinggalan seseratan khas Pesisir yaiku “Jondol” (kaca 40).

Sanés kirang pemaklum upami maksih wonten perkawis ingkang dérèng kaserat. Sumangga, teng wedalan selanjengé saged nambah rupi-rupi seratan ingkang wonten kaitan sareng basa, sastra, aksara, lan kabudayan Cerbon-Dermayu. Sumangga.

Bandung, Juni 2018

Redaksi

DAFTAR ISI

NYAWANG

Ana Literasi Esuk Ning Taman Cimanuk. **3**

NAPAK TILAS

Kenalan Sareng Kuya Belawa. **6**
Asal-Usulé Wit Nagasari. **8**

PENGGEDE

Drs. Sutejo. **10**

KRUSUKAN

Pasangiri Apresiasi Basa Lan Sastra Cirebon Nin Cirebon. **12**
Dina Basa Mimi Se-Jagat Luru Oyode Basa Dermayu. **13**
Ndongeng Crita Daerah Ningkataken Literasi. **15**
Upaya Badan Bahasa Nyebarkeun Pengayaan Kosakata Bahasa Indonesia Teng Kota Cirebon. **16**
Sianua Maca Naskah Jawa Kuna. **18**
Agama Islam Mboten “Jedugan” (Benturan) Kalih Budaya Pedalaman (lokal). **20**

KAWRUH BASA

Basa Jawa Cerbon/Dermayu Inggang Dienggé Teng Kabupatén Karawang. **22**
Limang Perkara Tembung, Beda Basa Dermayu Lan Basa Jawa Wetan. **24**

PANGGUNG

Crita Cindek: Cungkring Gegulat Ilmu. **27**
Crita Cindek: Bandha Dadi Memala, Pangkat Dadi Pemikat. **30**
Puisi. **32**

PIWULANG

Upaya Ngajarken Basa Cerbon Ning Murid. **35**
Negara Oyod Mingmang. **36**

PANGANAN

Sega Lengko. **39**

JONDOL

Pitulasan. **40**



ANA LITERASI ESUK NING TAMAN CIMANUK

Budaya literasi masyarakat Indonesia masih durung ngembang secara nyenengaken. Apamaning ning 'era digital' kaya sekiyen iki. Beli bisa dipungkiri yén buku secara fisik alon-alon sayah ditinggalaken. Sekabéh wis serba 'online'. Uga mengkonon ning perkara maca. Akéh masyarakat luwih milih ngulati informasi liwat 'gawai' dibandingaken buku. Kedadén kaya kéné sing gawé buku wis mulai kepinggir lan digenti ning 'buku elektronik'.

Ditambah maning karo minat maca wong Indonesia sing kegolongé masih sor. Kegiatan maca durung dadi bagian sing kebutuhan urip sedina-dinané masyarakat. Dakaté, liwat budaya maca iki masyarakat diharepaken secara mandiri bisa ningkataken mutu kauripané. Nggunakaken waktu senggang kanggo maca ning lingkungan masyarakat durung dadi kebiasaan. Waktu kosong biasané mung dienggo kanggo ngobrol, dolanan atawa asik karo angen-angen, dadi beli duwé makna kanggo mujudaken masyarakat sing seneng maca. Budaya maca bisa kawujud yén kegiatan maca wis dirasakaken minangka sawijiné kebutuhan lan wis dadi kebiasaan sing dilakokaken karo ana kelanjutané.

Literasi ning Taman Cimanuk ngrupakaken salah sawijiné cara kanggo manpaataken ruang publik lan dadi solusi bagus kanggo ningkataken minat maca masyarakat. Taman duwé guna dadi ruang publik sing kebuka, sing nyediakaken ruang. Wong-wong bisa olih hawa sing seger, tempat mlaku-mlaku, olahraga, atawa mung nikmat alam sekubengané. Uga ngupai kasempetan masyarakat kanggo blajar élmu sosial, kerna taman minangka ruang publik duwé maksud uga minangka pusat interaksi lan komunikasi masyarakat. Dadi, taman sekuduné bisa digunakaken masyarakat dadi sarana kanggo dolanan lan

blajar mbari nikmati liburan dina Ahad.

Anané taman minangka ruang literasi uga bisa gawé ramah lan nyenengaken. Kegiatan literasi ning taman ngrupakaken salah sawijiné cara kanggo ngenalaken jagat nulis, budaya, kesenian, lan kawruhan ning masyarakat. Sejabane iku, taman literasi uga dimaksud bisa ngumpulaken lan nrangkul sekabeh komunitas penulis ning Indramayu ning pirang-pirang kasempetan.

Kegiatan literasi sing terus-terusan ana saben dina Ahad ésuk ning Taman Cimanuk guriné Masjid Agung Indramayu dimulai jam 08.00 sampe jam 11.30 WIB. Tamtuné ana kegiatan iki bisa ndorong kawujudé masyarakat seneng maca. Sewaktu masyarakat ndodok seneng ning taman, bisa sembari maca buku secara gratis. Ning sela-sela kegiatan maca buku gratis, Devyanti Asmalasari lan R.Y. Adam Panji duwé kasempetan ngobrol karo Tasuka, penggiat literasi sing TBM (Taman Bacaan Masyarakat) "Lentera Hati" ning Taman Cimanuk, Indramayu, Ahad (9/4). Miturut Tasuka, kegiatan literasi ning Taman Cimanuk iki diprakarsai ning TBM Lentera Hati lan Komunitas Ngampar Boekoe Indramayu.

TBM Lentera Hati

Awit-awité Tasuka kesengsem ning literasi kerna anaké putus sekolah, sewaktu wis ndodok duduk ning kelas 3 SMP lan arep ujian akhir. Tasuka dibeluk ning sekolah kerna anaké manjing sekolah mung sedina sampé telung dina baé ning waktu sewulan, dakaté wis dianter bapané sampé tekang lawang gerbang sekolah. Tapi, anaké sering bolos sekolahé. Sawisé disuri nyatané anaké *games online*. Saawisé anakedrop out sing sekolah, secara kebeneran Tasuka dikenalaken ning baturé karo penulis lan sing penggiat literasi arané Gola Gong.

Sing kenalan karo Gola Gong iku, Tasuka akiré duwé kepéngénan ngadegaken TBM. Tasuka sing nduwéni sesenengan maca iki duwé atusan koléksi buku ning umahé. Tamtuné koléksi bukuné iku kudu dietokaken supaya wong-wong sing péngén maca buku beli kudu teka ning umah déwéké. Dideleng ning Karangsong ana bangunan sing ana rak bukuné, tapi wis taunan beli kerawat, akhiré Tasuka njaluk izin ning kuwu kanggo manpaataken tempat iku. Tempat kuwen nyatané bengéné bangunan perpustakaan désa sing diresmiaken langsung bupati, tapi beli kerawat lan selanjute beli keurus. Akhiré, TBM Lentéra Hati nempati tempat kuwen. Sampé sekiyen wis telung taun.

Koléksi buku TBM Lentéra Hati wis parek ning angka 1000. Koléksiné macem-macem. Uga ana buku-buku basa Inggris sing dipai ning baturé sing luar, sing masih sejangsan. Tapi, buku-buku iku uga dibagiaken maning ning batur-baturé sing durung mbuka. TBM Lentera Hati secara operasional dibuka saben dina, lan dijaga ning sawiji pegawé sing digaji khusus. Pegawé iki kerna profésional dibayar dadi nduwéni tanggung jawab lan kewajiban kanggo bebersih, mbérés, lan ngrawat buku-buku. Uga ana rélawan sing mélu mbantu, tapi relawan iki beli keiket kerja lan waktuné bébas.

Kanggo biaya operasional TBM, Tasuka ngandalaken sumbangan sing para donatur. Ning 'akun medsos' TBM Lentéra Hati dicantumaken nomer rekening sing dicék saben wulan sepisan. Metuné duwit kanggo mbayar internét baé saben wulané bisa 500 ewu perak. Durung maning kanggo sarana, kayadéné kertas, spidol, lan séjén-séjéné. Ning sewulané dibutuhaken kira-kira sejuta pérak kanggo kegiatan literasi.

Tasuka déwék duwé pegawéan minangka karyawan Koperasi Perikanan Laut (KPL) "Mina Sumitra", sing nglola pelélangan iwak. Kabeneran tempat kerjané ndukung, kerna saben dina Ahad Tasuka dipai 'dispensasi' waktu awit jam 08.00 sampe 12.00. Ning KPL pancén langka waktu libur. Anané 'dispensasi' mau, déwéké dadi bisa rutin ngawal kegiatan literasi saben Ahad ésuk ning Taman Cimanuk.

Taman Cimanuk Maca

Taman Cimanuk Maca iku sawijiné gerakan literasi sing diharepaken bisa dadi bagian kauripan sedina-dina masyarakat. Hadiré Komunitas Ngampar Boekoe Indramayu ning Taman Cimanuk uga olih 'respon' bagus sing masyarakat. Ning catetan, ana enem sampé pitung buku sing disilih saben mingguné. Sing akéh ning koléksi buku iku yaiku koleksi pribadi Tasuka. Uga ana sing asalé sumbangan sing batur-baturé. Kanggo koléksi komunitas Ngampar Boekoe Indramayu, akéhé koléksi buku sing asalé sumbangan publik.

Buku-buku sing diwaca paling akéh yaiku novél. Novél iki jenis buku sing paling disenengi bocah-bocah. Sementara buku-buku sing beli pragat diwaca ning tempat bisa digawa balik lan dibalékaken minggu

lanjutané. Wong-wong sing teka sing nyilih buku mung didata nomer teleponé sing bisa dihubungi, lan aran buku sing disilih iku. Kuwen gah beli pernah ditelepon kanggo nakonaken buku yén telat mbalékaken buku. Sampé sepréné akéh uga sing nyilih buku sing beli mbalékaken. Tapi, perkara iku malahan gawé Tasuka lan batur-baturé ngrasa syukur, kerna dimaknani masyarakat akhiré seneng buku.

Literasi ning Taman Cimanuk iki wis duwé pelanggan tetep yaiku limang wong. Salah sawijiné yaiku wong dagang tahu, arané Sarjono. Déwéké saben dina Ahad muteri wilayah Taman Cimanuk. Uga ana ibu-ibu sing dadi pelanggan tetep Ngampar Boekoe. Yén dideleng sing 'data visual', akéhé wong sepuluh sing liwat, pasti ana sewong sing ngunjungi Ngampar Buku. Yén dideleng sing akéhé wong sing kliwad-kliwed ning tempat Ngampar Boekoe, akehe wong satus, sing ndodok ning kono setitiké sepuluh sampé limas wong. Ndeleng minat masyarakat sing cukup bagus, bisa dipastiaken mangsa mengarep literasi ning indramayu cukup bagus, mung baé butuh dukungan.

Séjéné maca buku gratis, kegiatan literasi ning Taman Cimanuk uga waktu awal-awal hadiré yaiku gawé Tadarus Sastra, sing duwé isi maca-maca karya sastra penulis Indramayu. Dudu diwaca baé karyané, penulisé uga teka ning Taman Cimanuk kanggo bareng-bareng mbedah karyané. Perkara kiyen secara beli langsung nunjukaken ning masyarakat, yén Indramayu uga duwé karya-karya sing bagus, sing pantès kanggo dadi 'referensi'. Sampé sepréné wong-wong sing wekel ning jagat tulisan masih arang nggunakaken referensi sing karya-karya penulis lokal, dakaté Indramayu akéh penulis, kayadéné Supali Kasim, Kusyoto, Saptaguna, lan masih akeh séjéné.

Komunitas Ngampar Boekoe Indramayu uga nduwéni program Gerakan ABCD. A nduwéni arti "Ayo baca buku di Ngampar Boekoe Indramayu", B iku "*Be Volunteer* (jadi relawan)", C makude "Cari teman dan pengalaman baru", lan D iku "Donasikan bukumu". Klawan Gerakan ABCD iki masyarakat diajak supaya bisa mélu ning kegiatan literasi ning Taman Cimanuk. Dudu dadi penikmat buku baé, tapi uga digugah kesadarané kanggo dadi rélawan lan bisa nyumbang bukuné. Gerakan iki dudu baé ngajak masyarakat gelem lan seneng maca, tapi uga gelem bagi-bagi uku sing layak diwaca.

Séjéné iku, ning waktu-waktu sing penting uga gawé kegiatan sing pas karo Hari Buku. Kegiatan kuwen digawé kanggo ngingetaken masyarakat ning 'era digital' sekiyen iki ana sing ketinggal, yaiku buku, sing sayah lawas sayah klalén. Dudu baé ngajak masyarakat kaanggo maca buku secara gratis, para rélawan ning komunitas iki uga ndampingi bocah-bocah maca lan nggambar. Kegiatan literasi ning Taman Cimanuk uga gawé 'pojok kreasi', sing wujudé pojok gambar lan pojok crita.

Regenerasi Penggiat Literasi

Anané bareng-bareng rélawan ning kegiatan

literasi ning Taman Cimanuk iki, Tasuka ngarepaken mangsa mengarepé bisa muncul generasi-generasi anyar penggiat literasi. Gerakan literasi iki kudu terus ana, aja sampé pegot. Kuwen iku sing dadi sebab Tasuka lan batur-baturé giat nglakokaken 'promosi'



perkara kerelawanan meng sekolah-sekolah lan kampus-kampus, kerna kegiatan kaya kenen iki penting pisan.

Kanggo regenerasi penggiat literasi wayah méné wis muncul lima tunas anyar lan wis giat kabéh. Munculé iku awit taun 2015. Katon tambah bagus sampé sekiyen. Tasuka yakin tunas penggiat literasi iki bisa luwih maju maning, kerna sekiyen akéh muncul maning tunas-tunas anyar. Sekiyen wis ana loro tunas maning sing didorong Tasuka, kayadéné ning Jatibarang klawan modal awalé sing Tasuka déwék.

Kegiatan literasi iki murni sing gerakan batur-batur dewéké, tanpa bantuan sing pemerintah. Ning Indramayu uga ana jaringan 'perpustakaan jalanan' kurang luwih jumlahhé rong puluh jaringan, sing gerakané mandiri ning tempat déwék-déwék. Tempaté kasebar mulai awit Haurgeulis sampé teka ning Krangkéng. Ning Haurgeulis kegiatan literasiné pada, yaiku ngampar buku ning alun-alun. Ana maning ning Karangampél, sing dilaksanakaken saben Ahad ésuk ning sekitar Pertamina Mundu. Pada baé karo 'perpustakaan jalanan' ning tempat-tempat séjéné, sambutané malah luwih bagus. Ning labetan tanah Kawedanaan Jatibarang uga ana Perjal (perpustakaan jalanan) sing rada ramé, mung baé durung rutin.

Sejégé rutin ana kegiatan literasi ning Taman Cimanuk awit setengah taun sing liwat, muncul relawan-relawan anyar. Ning sekretariat sekiyen wis ana kegiatan *English Flash*. Kegiatan iki wis angkatan kaping telu. Séjéné iku uga wis muncul maning batur-batur rélawan anyar sing teka déwék, nawaraken déwék nggabung tanpa dipaksa. Ukuran tunas-tunas literasi iku gelem wekel kerna seneng. Déwéké nikmati pisan anané kegiatan literasi iki tanpa perlu diundang.

Rélawan ning Ngampar Boekoe iku ana sing teka lan ana sing lunga. Tapi, ning TBM Lentera Hati ana kurang luwih rong puluh wong. Jumlah rélawan sebenéré akéh, tapi Tasuka beli pernah nyatet secara pasti, sebab ning prinsipé kerelawanan iku nyata tekané sing ati lan langka pemaksaan. Yén wis teka ning kegiatan artiné wis dadi keluarga besar Lentéra Hati. Sing pasti yén ana kegiatan gedé, sekabéh pasti ngumpul mélu mbantu senajan pada répot. Setitiké ning sedinané batur-batur rélawan nyempetaken teka kanggo mbantu-mbantu.

Sing luwih penting maning uga batur-batur iku bareng-bareng sawéran, kerna dana kanggo kegiatan iku murni swadaya déwék, langka donatur.

Sementara kiyen komunitas sing geraké ning kegiatan literasi ning Taman Cimanuk mung TMB Lentéra Hati lan Komunitas Ngampar Boekoe

Indramayu. Ning mangsa mengarepé, diharepaken bisa luwih akéh maning sing melu nggabung ning Taman Cimanuk. Tasuka duwé rencana saben wulan sepisan ana kegiatan pasar literasi ning sedawané Taman Cimanuk. Konsépé kaya bazaar literasi, ana panggung terbuka, ana maca karya-karya penulis lokal. Dadi, diharepaken batur-batur nom ning Indramayu gelem blajar, gelem nekuni jagat penulisan klawan ngenggo referensi lokal.

Séjéné iku, saben wulan Agustus TBM Lentéra Hati kerja bareng karo batur-batur IWS Semarang rutin gawé acara Indramayu Literasi Camp (ILC). IWS iku organisasi nirlaba relawan internasional. Kegiatan ning ILC akéh pisan, kayadéné diskusi publik perkara literasi, uga ana ngenalaken budaya ning batur-batur rélawan asing. Wong-wong kuwen digawa meng tempat-tempat 'spot budaya' sing ana ning indramayu. Sekaligus uga dipai ruang tampil kanggo penulis-penulis lokal.

Ikon Baru di Indramayu

Harapan Tasuka sing kegiatan literasi ning Taman Cimanuk yaiku sing kesiji, péngén buku konvensional secara fisik dikenal maning ning masyarakat ning tengah-tengah arus digitalisasi. Sekiyen iki jelas pisani buku kepinggir secara fisik. Kiyen iki sing dadi perkara ning sekabéh jagat dunia. Keloroné, anané kegiatan kaya kenen hadir 'ikon' anyar Indramayu. Ana kawasan sing dadi 'ikon' nyata literasi ning Indramayu.

Sampé sepréné sing dilakokaken pemangku kebijakan ning Indramayu, literasi masih sewates slogan spanduk lan séjéné. Tapi, iku dadi wilayahé pemerintah daérah, beli dadi masalah kanggo batur-batur penggiat literasi. Komunitas literasi beli kudu nggantugaken ning pemerintah daérah. Sing paling akhir, yen masyarakat balik maning ngenal parek karo buku secara fisik lan wis kepatri ning pikiran masyarakat yen ning Indramayu iki ana kawasan sing ramah literasi, tamtu baé ana timbul kepengenan kanggo gawé karya.

Intiné supaya masyarakat Indramayu nduwéni *mindset* anyar sewaktu ngrungu tembung Cimanuk. Yén sekiyen wong-wong sewaktu ngrungu tembung Cimanuk langsung kepiki-rané yaiku perkarana panganan, kanggo selanjute diharepkan masyarakat langsung kepikir perkara maca buku gratis.***

KENALAN SARENG KUYA BELAWA

déning JAKI YUDIN

Kuya Belawa ngrupiaken satoan ingkang dilindungi kerna langka, mung wonten teng Désa Bélawa Kec. Lemahabang Kab. Cerbon. Upami saking Kota Cerbon lumayan adoh soalé wilayah puniku mlebeté kabupatén Cerbon bagian wétan. Saking wilayah kota nuruti terus mergi ingkang badé teng Jawa Tengah utawi mergi pantura. Ketemu pertelon Kanci mléngkok nengen lurus terus ketemu pertelon Cipeujeuh lurus pirang meter, mléngkok nengen malih sampé ketingal tulisan objék wisata Cikuya Bélawa. Teng désa puniku, Kuya dipliara uga dikembangbiaknang teng penangkaran.

mung 500 éwu, sementara pakané sewulan 600 éwu, nah saking tikét mlebet wisata puniki ingkang mbantu ya nanging boten ngebantu akéh sih". Piyambeké ngarepnang gona kula sedaya tetep nglakoni upaya nglestariaken Kuya Belawa ingkang sampun dados ciri désa Bélawa.

Penangkaran Kuya Bélawa pernah ngalami mati ageng-agengan teng taun 2010 sampé gari 13 kuya. Untungé pihak ingkang ngelola sanggup ngadepi masalah punika. Sampé taun 2016 jumlah kuya teng penangkaran wonten 72 kuya ageng lan 300an tukik.

Kuya teng mriku dipakani daging ayam, iwak asin lan capu. Uripé teng toya adem, senengé umpetan teng lumpur. Kuya puniki nduwéni ciri warna batoké ireng lan polos. Bentuk batoké cekung tengahé sami mawon sareng bukaan Qur'an utawi boyoké wong. Diameter awaké nyampé semeter, aboté sekitar 20 sampe 80 kilo. Kuya Bélawa saged urip sampé seket taunan.


Asal-Usul Kuya Belawa

G e m i y é n sedurung arané désa Bélawa, tempat puniki ngrupiaken pedukuhan ingkang artiné blok ingkang plosok. Sedéréngé Islam mlebet teng wilayah puniki, masarakat masih nganut agama Hindu-

Budha lan kepercayaan animisme, upamié nyembah wiwitan utawi barang ingkang dianggep sakral. Suatu wektos Syékh Datuk Putih saking Mesir teka teng wilayah puniku lan ngadegaken pondok pesantren sekaligus nyebaraken agama Islam nggo kesenian Tayuban trus saged ngislamaken masarakat waktos puniku. Selajengé wonten tiyang enom ingkang arané Jaka Saliwah turunané Padjajaran nekani wilayah puniku. Piyambeké



Miturut Dedi ingkang ngelola penangkaran, katah wong saking jero lan jaba negri badé neliti kuya. Artiné kuya duwé daya tarik ingkang gedé soalé mlebet satoan langka. "Penangkaran dijaga sedina sewengi kerna sampun mlebet situs satoan langka," kocapé Dedi. Nanging Dedi ngeluhngang piyambeké kirang didukung saking pemerintah, "Wonten ingkang ngocap Kuya ikoné kabupatén, cuman ya embuh kerna mungkin aturané sanés dados pihak pémdaé boten ngerténi. Bantuan



duwé rai loro, ireng sareng petak. Sebelahé ireng sebelah maningé petak. Piyambeké tiyang enom ingkang jujur lan nurut teng tiyang sepuhé. Nanging, piyambeké ngrasa rendah diri sebab duwé rai loro. Jaka Saliwah marek mono tujuané badé berobat supados rainé saged waras kaya tiyang biasa. Selajengé Jaka Saliwah dikongkon nglakuaken solat limang wektos trus maca ayat Qur'an lan zikir. Piyambeké maca ayat Qur'an teng pareké sumur pamuruyan. Piyambeké lamon badé maca Qur'an lan solat njukut wudhué teng sumur pamuruyan bari ngaca diri rainé sampun waras déréng. Nanging, sampun suwé pedah nglakoni perintah rainé boten waras-waras. Akiré Jaka Saliwah boten sabar malih sebab rainé boten waras-waras, nyewot terus Qur'an ingkang sampun diwaca disowék-sowék lan dibalangaken teng kolam. Selang pirang wektos mlebu mripat toya, selajengé mlebu malih

satoan sikilé sekawan ingkang ngrupiaken kuya. Jaka Saliwah kagét ndeleng teng kolam sowékan Qur'ané boten wonten, malah wontené satoan kuya. Piyambeké ngaca trus temu-temu rainé waras boten duwé rai loro malih.

Miturut crita rayat, pondok pesantrén ingkang diadegngang déning Syek Datuk Putih boten saged dideleng nggo mripat biasa, saged kedeleng nggo mripat batin. Wonten ingkang nyakini toya teng sumur pamuruyan lan kolam boten pernah asat dakaté musim ketiga utawi kering boten wonten jawo. Konon jaréné baka adus teng mriku utawi njukut toya saged gelis olih jodoh lan kesaéan sanésé. Selajengé, Kuya Belawa boten saged urip sanésé teng desa Belawa. Lamon wonten tiyang ingkang nggawa kuya mlebu saking wilayah Belawa maka tiyang puniku olih musibah.

ASAL-USULÉ WIT NAGASARI

déning NURHATA

Ning salah sewijiné dina. Gelisé ning kanda lan bobadé wong cerita.

Ning pinggiran Pulo Jawa, lebah kisik lor (*pantai utara*), masih alas uwung-uwung. Sebelah kiwé-tengen masih ruwed-ngampred. Wiwitan masih gedé-gedé. Mung ana pirang genah kang kedeleng rada raméh, salah sijiné yaiku muara (pelabuhan).

Anaké Raja Prabu Siliwangi, kang aran Radén

wadon kabéh. Tradisi sing uwis-uwis, ning negara endi baé, ning padukuhan endi baé, sekuduné kang dadi pemimpin iku lanang. Terus Mbah Kuwu kawin maning, terus dué anak lanang loro. Mbah Kuwu serba kéder, lamon anaké kang dadi kuwu, iku masih terlalu enom.

Radén Walangsungsang toli ngundang ponakané, yaiku Syarif Hidayatullah, kang nembé baé teka ning Kebon Pesisir. Syarif Hidayatullah sebeneré dadi raja ning Mesir, nggantiaken bapané. Tapi déwéké lebih milih ning

Jawa, nyebaraken agama Islam. Kira-kira waktu kuen ning akhir abad ke-15.

S y a r i f H i d a y a t u l l a h ditawari kon dadi kuwu, nggantiaken M b a h K u w u Sangkan. Tapi, Syarif Hidayatullah ngrasa mang-mang, lan kapalang kéder. Sebab, ngrungu kabar, mamangé dué anak lanang loro, sing rabi enom. Tapi, pribén baé gah beli mungkin Kebon Pesisir dipimpin ning bayi kang nembé metu saking guwa garbané emboké. Terus, jabatan kuwu beli bisa ditanakaken

wong séjén, kudu keluarga, lan siji-sijine ya mung ponakané iku. Karena langka maning, Syekh Syarif kang waktu kuen masih enom lan durung akéh pengalaman, nerima bujukan mamangé.

Anaké Walangsungsang wis gedé. Gégér-gégéré, Syarif Hidayatullah arep diganti. Sajegé kuen, Syarif Hidayat dadi beli percaya diri, rada minder. Tapi, kabéh para ulama, para wali, ndukung Syarif Hidayatullah supaya terus dadi Kuwu. Masyarakat sekelilingé pada baé, ndukung kabéh.

Syekh Syarif langsung gawé gebrakan, ngetokaken kebijakan, yaiku ora ngirim trasi maning ning Galuh: Cerbon merdéka. Rayat sing wétan, kidul, lor, lan kulon, pada seneng kabéh.



Walangsungsang teka ning wilayah kuen. Tujuané arep nemoni kiai sing Mekah, Syékh Nurjati, arepan belajar agama Islam. Wilayah kuen ning waktu jaman semono ana ning sor kekuasaane Kerajaan Galuh.

Radén Walangsungsang mbabad alas, dikongkon ning guruné, Syékh Nurjati. Sawisé padang njimblang, ambané kurang luwih séwu hasta, terus diarani Duku Kebon Pesisir. Diarani Kebon Pesisir, karna keboné amba lan subur tapi tempaté pinggir segara kang akéh iwaké. Radén Walangsungsang kang dadi Kuwuné. Rayat ngupai julukan Mbah Kuwu Sangkan. Kampung anyar kuen maju gelis, terus arané diganti dadi Cerbon (asalé *cai* lan *rebon*).

Mbah Kuwu, miturut cerita duwé anak wolu, tapi

Syarif Hidayatullah akéh julukané, kayadéné Syekh Syarif, Kanjeng Sinuhun, lan Sunan Gunung Jati. Ning jamané Syekh Syarif, Cerbon maju pisan. Wong sing endi-endi ora, malahan sing mancanegara, pada teka mono. Syekh Syarif, nggal dinaé, ngopéni santri-santri, nagajari sembayang, ngaji, lan zikir. Tapi, ya dué tugas pulitik, ngurus Negara Cerbon.

Ora diduga lan ora dinyana. Rupané ana ula merhatiaken Syekh Syarif, utamané ning waktu sembayang, arané Ula Naga Sari. Kaya biasané, Kanjeng Sinuhun ora curiga, tetep mimpin sembayang jamaah. Makmumé sing endi-endi ora. Nganggo klambié masih pada asal-asalan. Malahan ora setitik makmum lanang kang cuma nganggo kolor warna ireng, mung nutupi dengkul sampé tekang wudel. Kanjeng Sinuhun ora mempermasalahaken. Iku kang kedeleng nggal waktu, mengkonon terus-terusan.

Jagat padang njimblang, langit terang. Waktu semono, ora kaya biasané. Sawisé sembayang, ora suwé makmum pada bubar, adoh parané. Mbuh pada menggawé ning laut luru iwak atawa nandur ning kebon.

Kanjeng Sinuhun kang masih ning jero tajug, katekangan tamu. Tamu kuen dudu sembarang tamu, rupané Ula Naga. Kanjeng Sinuhun ora kagét, sebab sering ditekani makhluk kang anéh-anéh. Si tamu, terang-terangan ngomong, “Gusti, kula Naga Sari. Saben dina merhatiaken njenengan sembayang jamaah, kayané adem lan tentrem. Karo bebaturan kedeleng akur. Urip ora macem-macem. Sing paling penting maning parek bari Pengeran.”

Kanjeng Sinuhun cuma mésem baé. “Kulané péngén mélu mengkonon, bebarengan karo wong-wong”, Ula Naga nambahi omongané.

Padahal waktu kuen Kanjeng Sinuhun durung balik, durung ganti klambi. Cuma déwéké nyadar, ngladéni ula gah pada baé karo ngurus rayat. Obrolan Ula Naga Sari karo Kanjeng Sinuhun langka sing weruh. Padahal lagi ning jero tajug, kang biasané ana siji-loro wong pada dikiran. Kanjeng Sinuhun péngén njelasaken, tapi rupané kéder kudu pribén ngomongé. Baranganu jagaté nambah soré, délat maning manjing waktu Magrib. Lamon sampé ana kang weruh bisa-bisa gégér.

Kanjeng Sinuhun ngomong ning Ula Naga Sari, “Wis, mengkénén baé. Sira kien kih dudu menusa, tapi bangsa satoan, senajan niatané sampéan iku bagus. Lamon sira péngén dadi makmum ning kula ya mangga. Kula kih seneng pisan. Tapi masalahé sampén iku ula. Lamon sampéan mélu baris bareng-bareng karo menusa, ya *saff* (barisan) sembayangé angél. Malang beli bisa, mujur apa maning. Dudu ning kono baé masalahé. Makmum kang biasa sembayang jamaah, nangtu pada wedi, mlayu kabéh”.

Ula Naga kéder, bari mikir. Pribén njawabé.

Durung sué, Kanjeng Sinuhun njelasaken maning, “Kabéh makmum, nembé ngenal Islam. Belajaran sembayang nembé kien-kienan. Baka ning umah durung

tentu semabayang déwék. Baka ora jamaah karo kula, durung tentu gelem sembayang ning umah déwékan”.

“Mengkénén gusti, kula iku...” Ula Naga nyoba njelasaken. Tapi, keburu kepegot dikit omongané. Asalé Kanjeng Sinuhun durung pragat ngomongé.

Terus, gelisé kanda, Kanjeng Sinuhun nyampeaken maning, “Mengkénén baé intiné. Kula ngerti sampéan péngén dadi makmum. Tapi sampéan kudu ngerti, lamon sampéan maksa wong-wong kang biasa sembayang ning tajug Negara Cerbon kien, pada mlayu kabéh. Wong sapa baé gan baka ndeleng ula mesti wedi. Apa maning sampéan ula gedé mengkonon. Ya pada kewedien, bokatan diuntal.”

“Dadi kepribén kih gusti”, Ula Naga nyletak radakan mengkel.

Kanjeng Sinuhun njawab, “Ya wis apa jaré sampéan baé énaké pribén. Mung mengkonon luh, mau kang nembé baé tek jelasaken”.

“Baka mengkénén kula kudu ngrubah wujud, terus wujudé kang ora diwedéni ning menusa. Terus kira-kira ngrubah wujud apa, kang rupané bisa terus-terusan dadi makmum”, pikirané Ula Naga.

Ula Naga langsung ngomong ning Gusti Sinuhun, “Ya wis gusti, baka mengkénén, kula arep dadi wiwitan baé”. “Apa jaré sampéan baé srog pribén énaké”, njawab Kanjeng Sinuhun.

Akhiré Ula Naga Sari nyلودor ning jaba, ning iringané tajug. Waktu kuen jagat masih sepih. Wong-wong kang biasa ning segara atau ning kebon, délat maning arepan pada balik.

Gelisé kanda, Ula Naga ngadeg pajeg sampé duwur. Terus ngrubah wujud dadi wiwitan gedé. Kanjeng Sinuhun akhiré lega ati lan pikirané, karna wis dadi wiwitan ning iringan tajug, dadi bisa terus-terusan dadi makmum.

Clantus, wong pada teka ning tajug, arepan pada salat jamaah. Tapi pada ngrasa éran, ning iringan tajug ketemu ana wiwitan gedé, padahal mauné langka. Salah sewiji makmum nakon, “Gusti Kanjeng, iku ana wiwitan ora weruh ciliké, ketemu gedé baé. Iku arané wit apa Kanjeng”.

Ora mikir dawa-dawa, Kanjeng Sinuhun njawab, “Iku arané wiwitan Naga Sari”.

Wong-wong kang lagi ngubengi Kanjeng Sinuhun langsung ngriyungi raméh-raméh, “Oh...keun arane, Naga Sari”.

Sawisé kuen, Kanjeng Sinuhun ngajak jamaah, “Ayo gagé pada manjing tajug, terus sembayang jamaah”.

Penulis adalah
Direktur Cirebonese Foundation
muhammadnurhata@gmail.com
cp. 087828978759



Drs. Sutejo (Kepala Balai Bahasa Jawa Barat)

NINGKATAKEN SIKAP POSITIF MASYARAKAT DUMATENG BASA INDONESIA LAN BASA DAERAH



Tanggal 4 Agustus 2017 ngrupiaken dinten ingkang nggadahi sejarah kanggé Sutejo, keranten teng dinten punika piyambekipun dilantik minangka Kepala Balai Bahasa Jawa Barat dumateng Menteri Pendidikan dan Kebudayaan, Muhadjir Effendy. Sedéréngé, Sutejo pernah njabat Kepala Subbagian Kerja Sama laminipun setaun, selajengé dialihaken njabat Kepala Subbidang Pengendalian dan Penghargaan. Keranten wontenipun perubihan susunan lembaga, jabatan kaping akhir piyambekipun inggih punika Kepala Subbidang Pengendalian teng Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Putra Jawa Timur puniki kaping pertama nggabung teng Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa - saniki Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa - dateng taun 1993. Nalika punika, tradisi ingkang wonten teng Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa inggih punika sedanten staf dialihputer, antawisipun Bidang Perkamusan dan Peristilahan, Bidang Bahasa, Bidang Sastra lan Bidang Pengembangan. Sesampuné diaalihputer teng sedanten bidang, Sutejo akhiripun ditempatkan teng Bidang Perkamusan dan Peristilahan kinten-kinten laminipun gangsal welas taun. Dados,

piyambekipun paham sanget kepirun cara nyusun kamus lan istilahipun. Samentawis, Sutejo ugi giat dateng pinten-pinten lembaga kebasaaan, kadosdéné Panitia Kerjasama Kebahasaan (Pakersa), Majelis Bahasa Brunei Darussalam, Indonesia, dan Malaysia (Mabbim), lan Himpunan Pembina Bahasa Indonesia (HPBI).

Bapa saking kalih putra puniki manggenipun teng Bogor. Nanging, putra kaping setunggalipun kuliah teng Teknik Perminyakan ITB. Dados, keluarganipun ndukung sanget Sutejo ditempatkan teng Bandung. Mekaten risiko saking satunggalipun jabatan. Keluarga cekap nampi lan ndukung. Wontenipun penempatan teng Bandung, Sutejo ngraos syukur sanget keranten saged hubungan langkung caket sareng putra kaping setunggal. Keluarga ugi nyukani kebebasan dumateng Sutejo kanggé kegiatan lan karir. Istri Sutejo ugi gadah karir teng Kementerian Pariwisata, inggih punika njabat Kepala Bidang Destinasi Wisata Tradisi dan Seni Budaya.

Miturut Sutejo, jabatan punika ngrupiaken satunggaling amanah. Maknanipun, upami disukai kapercantenan dening Menteri Pendidikan dan Kebudayaan liwat Kepala Badan Bahasa, amanah punika kedah ditampi klawan saé. Mila mekaten, Sutejo gadah usaha nglaksanakaken amanah punika ingkang pas sareng target-target saking ingkang nyukani amanah wau. Dados Kepala Balai Bahasa Jawa Barat boten pernah Sutejo dibayangaken sedéréngé, nanging pegawai Balai Bahasa Jawa Barat nampi klawan rasa anget. Miturut Sutejo, pegawai Balai Bahasa nampi klawan saé, nyaman kanggé diejak kerja sesarengan, lan ramah-ramah. Tiyang Sunda punika kawentar sareng ramah-tamahipun lan kehalusipun. Kantun dijagi kekompakanipun lan dilajengaken sareng-sareng.

Taktik

Taktik ingkang Sutejo terapaken teng Balai Bahasa Jawa Barat, inggih punika sareng njaga kekompakan antawisipun pimpinan lan staf. Paradigma hubungan internal birokrasi kedah dirobih, organisasi birokrasi kedah nglayani masyarakat. Teng selebetipun lingkungan internal, kepala kedah nglayani sedanten staf ingkang wonten teng sekubengan Balai Bahasa Jawa Barat. Selajengipun sedanten staf Balai Bahasa Jawa Barat punika ugi kedah saged nglayani sedanten klompok-klompok kebasaaan lan kesastraan ingkang wonten teng Jawa Barat. Ingkang priyogi malih, masyarakat kedah saged ngraosaken mupangatipun Balai Bahasa Jawa

Barat. Upami masyarakat nganti dérèng saged ngraosaken mupangat hadiripun satunggaling organisasi, organisasi punika kedah ngusahakaken sanget supados gadah mupangat kanggé masyarakat.

Taktik ingkang boten kalah kapriyoginipun, inggih punika mujudaken jejaring. Balai Bahasa puniki kedah njalin hubungan kerja sesarengan klawan Pemerintah Provinsi Jawa Barat, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, lan saged mbangun komunikasi sinareng pemangku kepentingan ingkang wonten teng Jawa Barat, ugi média massa. Média massa punika mitra utama kanggé mujudaken komunikasi wontenipun kegiatan-kegiatan teng balai.

Kerja sesarengan ingkang sampun kejaln ugi perlu dijagi lan ditingkatakan, kadosdéné perlu wontenipun kerja sareng klawan media masa, ingkang wontenkaitanipun pelatihan reportase kanggé peliput berita majalah-majalah ingkang wonten teng Balai Bahasa supados mutu reportasenipun saged setara. Balai Bahasa Jawa Barat sampun nerbitaken Majalah Pasundan, ingkang ater-ateripun ngangge basa Sunda, lan Majalah Pesisir ingkang nganggé basa Cerbon-Dermayu. Perlu ugi dilakokaken pelatihan reportase ingkang saé lan gadah mutu kanggé pengelola majalah wau.

Tegesipun Balai Bahasa kedah damel jejaring ingkang wiyar teng wewengkon Jawa Barat. Jejaring punika wujudipun kerja sesarengan antarlembaga, antarinstansi, lan organisasi kemasyarakatan. Kegiatan pengembangan, pembinaan, lan perlindungan bahasa Indonesia lan daérah boten wonten kasilipun upami mung dilakokaken dening Balai Bahasa. Pemerintah Daérah kedah didorong medalaken kawicaksanan ingkang wonten kaitipun ngutamakaken basa Indonesia teng ruang publik, ugi mlebet pembinaan, pengembangan lan perlindungan basa Indonesia lan daérah. Balai Bahasa Jawa Barat ngregani sanget sedianipun pinten-pinten kabupatén lan kota teng Jawa Barat ingkang sampun siap medalaken peraturan wali kota utawi peraturan bupati, kadosdéné Kota Bogor, Kota Tasikmalaya, Kabupaten Garut, Kabupaten Bogor, lan Kota Depok.

Teng Jawa Barat wonten tiga kawasan nggunakaken basa, inggih punika kawasan nggunakaken basa Sunda, basa Cirebon/Indramayu, lan basa Melayu Betawi. Balai Bahasa badé nglola kawasan punika sedanten, antawisipun liwat gerakan nyerat karya kebasaaan lan kesastraan teng selebetipun basa daérah, utaminipun teng di kalangan pelajar, inggih punika



wujudipun puisi, cerita péndék, utawi artikel. Harapan sedanten liwat kalangan pelajar punika basa daérah saged kejamin kelestarianipun.

Agenda Utami

Balai Bahasa Jawa Barat teng prinsipipun ngrupiaken alat ingkang gadah tugas lan fungsi saking Badan Bahasa. Mila mekaten, saéstunipun Balai Bahasa nglaksanakaken visi lan misi Badan Bahasa.

Arah utami ingkang kedah disasar inggih punika saged ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia. Tamtu mawon perkawis puniki boten priyad dateng setunggal utawi kalih utawi sedasa taun. Sikap positif punika kadosdéné kesetiaan, kebanggaan, lan kesadaran dateng norma nganggé basa Indonesia. Ugi sedanten kedah saged mbina, ngembangaken, lan nglindungi basa lan sastra daérah.

Bahasa lan sastra daérah teng Jawa Barat kedah sami-sami diangkat teng tingkat nasional. Nilai-nilai kearifan lokal ingkang woten teng salebetipun basa lan sastra teng Jawa Barat puniki ngrupiaken penopang kebudayaan nasional. Nilai-nilai kearifan lokal Jawa barat puniki wonten keprayogian kedah diangkat nganti dados mbentuk karakter nasional.

Peningkatan sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia saged kawujud, antawisipun liwat pengendalian penggunaan bahasa teng ruang publik. Sebabipun, teng ruang publik maksih katah masyarakat ingkang langkung seneng ngangge basa asing. Ugi, perlu pengendalian penggunaan basa teng sekolah lan instansi pemerintah lan swasta.

Selajengipun cara ingkang benten kangge ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia saged dilakokaken liwat penyuluhan basa. Penyuluhan basa punika saged kerja sesarengan klawan sedanten pemerintah daérah teng Jawa Barat, ugi instansi sanésipun kadosdéné Kementerian Agama lan média massa. Gerakan literasi ugi ngrupiaken agénda ingkang saged ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia. Waktos saniki Gerakan Literasi Masyarakat didadosaken agenda ingkang utami Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan lan saged digelorakaken liwat Duta Bahasa Pelajar kanggé gerakan literasi teng kalangan pelajar.

Kanggé ngregani masyarakat ingkang sampun nggadahi sikap positif ngangge basa ingkang pas sareng peraturan perundang-undangan, Balai Bahasa badé nyukani penghargaan. Penghargaan punika disukakaken kanggé instansi pemerintah utawi swasta, kadosdéné perhotélan, réstoran lan tempat-tempat wisata.***

PASANGGIRI APRESIASI BASA LAN SASTRA CIREBON NING CERBON

déning SULASNURPENI

Tanggal 14 Desember 2017 dina Kamis isuk, Kota Cirebon nganaaken lomba pasanggiri basa Cerbon. Lomba pasanggiri basa Cerbon iki ngrupaaken kegiatan rutin unggal taun kang wis dadi program kegiatan Dinas Pendidikan Kota Cirebon.

Kegiatan lomba pasanggiri basa Cerbon iki dianaaken ning aula SMP Negeri 6 Kota Cirebon. Peserta kang melu kegiatan pasanggiri lomba basa Cerbon iki yaiku murid-murid SD/MI lan SMP/MTs kang ana ning Kota Cirebon. Mata lomba kang dianaaken yaiku lomba macapat, pidato, lan ndongeng. Juara kang dijukut sing unggal mata lomba pasanggiri yaiku juara 1 (lanang lan wadon), juara 2 (lanang lan wadon), lan juara 3 (lanang lan wadon).

Sedurunge lomba dimulai, unggal peserta daftar ulang (ngisi daftar hadir peserta). Sesampune peserta nglakokaken daftar ulang, acara dimulai karo pembukaan. Kegiatan iku dibuka dening Kepala Dinas Pendidikan Kota Cirebon, kang ning kesempatan iku diwakilaken dening Sekertaris Dinas Pendidikan Kota Cirebon. Teng sambutane, bapa Sekertaris Dinas Pendidikan Kota Cirebon, Drs. H. Adin Imaduddin Nur ngungkapaken, “pemilet lomba pasanggiri basa Cerbon, saking SD/MI lan SMP/MTs iku pantes diacungaken jempol. Lantaran kabeh pemilet lomba pasanggiri iku wis gelem ngakui lan melu ngrumati basa Cerbon kang dadi ciri khas utawa identitas daerah, salah sijie yaiku bahasa.”



Pantia Lomba Pasanggiri Basa Cerbon

Pemilet lomba pasanggiri kabeh semangat melu lomba pasanggiri basa Cerbon iku. Murid-murid kang melu lomba pasanggiri basa Cerbon iku teka ning tempat lomba didampingi sareng guru-guru kang wis mbimbing lan ngelatih murid kang melu lomba iku. Sedurunge lomba, kabeh muird diajari lan dilatih materi-materi kang arep dilombaaken.



Pemilet lan Pendamping Lomba Pasanggiri Basa Cerbon

Unggal mata lomba pasanggiri ana telu juri kang ngupai nilai kanggo pemilet lomba. Juri-juri kang dipilih yaiku guru-guru kang ngajar mata pelajaran basa Cerbon ning Kota Cirebon. Pas mulai acara lomba, unggal mata lomba dianaaken ning ruangan kang kepisah antawis mata lomba kang siji karo lomba sejene. Unggal pemilet disukani nomer urut lomba.

Waktu lomba dimulai, kabeh juri mata lomba niteni lan ngupai nilai kanggo pemilet kang maju siji-siji. Sewise kabeh pemilet maju utawa tampil, nilai kang dipai dening unggal juri direkap lajeng digabungaken unggal juri. Sewise iku, dijukut juara-juara unggal mata lomba, juara 1, 2, lan 3 lanang utawa wadon.



Peserta Lomba Pasanggiri Basa Cerbon

Sewise lomba pasanggiri pragat kabeh, pemilet, juri, lan perwakilan saking Dinas Pendidikan Kota Cirebon kumpul maning ning aula tempat acara pembukaan. Hasil lomba pasanggiri diumumkan dening panitia lomba, diterusaken karo acara penutupan.

Kegiatan lomba pasanggiri iku saged dadi wadah kanggo ngelestariaken budaya utawa identitas wong Cerbon, terutama basa Cerbon.

DINA BASA MIMI SE-JAGAT LURU OYODE BASA DERMAYU

Dina basa mimi se-jagat iku diputusaken Unesco, lembaga internasional sing ngurus pendidikan, kemsarakatan, lan kabudayan. Putusané yaiku netepaken tanggal 21 Pébruari. Ning Kabupatén Indramayu para basawan, seniman, lan budayawan gawé acara “Rubung-rubung Kiyong” sing wujudé yaiku saraséhan basa Dermayu, pas tanggal 21 Pebruari 2018 ning gedong Panti Budaya, Jl. Kartini 1 Indramayu.

Kolosébo ngawali acara karo masa puisi Dermayonan. Bocah nom zaman sekien iku rupané wis teteg nyemplung ning puisi Dermayonan. Puisiné karya

LBSD (Lembaga Basa lan Sastra Dermayu), mbedar “Basa Dermayu: Kajian Sejarah lan Budaya”. Agung Nugroho mbandingaken basa Dermayu karo basa Jawa dialék Banyumasan lan Mataraman.

Para hadirin sing teka yaiku para peminat basa Dermayu sing lataré macem-macem. Ana guru, dosén, birokrat Pémda, seniman, lan budayawan. “Acara iki bébas. Yén sampéyan péngén takon, langsung baé takon. Yén sampéyan péngén usul, langsung baé usul. Bisa langsung motong omongané narasumber,” ucapke H. Nono Haryono ning para peserta saraséhan.



déwéké, lan diwaca déwék. “Basa Dermayu iki kudu diurip-uri pi ning sapa maning? Yén dudu ning masyarakaté déwék. Anané pengéling-éling dina basa mimi se-jagat iki muga-muga bisa nambah ruketé kita-kita kanggo nggiataken maning basa Dermayu,” jare H. Nono Haryono minangka sing nggawa acara.

Saraséhan diisi karo pandangan-pandangan perkara basa Dermayu. Ana loro sing dadi narasumber, yaiku Supali Kasim dados pengusul matéri lan Agung Nugroho dadi pembanding materi. Supali Kasim, Ketua

Supali Kasim nyebutaken, yén basa Jawa nduwéni oyod sing basa Sansekerta lan Kawi. Sewaktu disebut basa Jawa, iku diawiti sing basa Jawa mangsa Kuno awit abad-8 ning zaman Wangsa Syailéndra sampé arep ngadegé Kerajaan Singasari. Terus dadi basa Jawa mangsa Tengahan awit abad-13 ning zaman Kerajaan Singasari, Majapait, Demak, Pajang, Cerbon. Sekien dadi basa Jawa managsa Anyar, awit abad-17 ning zaman Kesultanan Mataram.

“Pengaruh manjing ning wewengkon Dermayu

mulai zaman Majapait. Iku sing ana kaitan karo bukti arakeologis, kayadéné makam Arya Damar turunan Majapait, terus tradisi lisan perkara Radén Kusén sing Demak, sampé catetan Tome Pires sing Portugis. Secara basa, tembung-tembung ning basa Dermayu sampé sekiyen akéh sing ngemot basa Kawi, Jawa Kuna, lan Tengahan. Iki sing dadi béda dibanding basa Jawa Anyar ning wilayah Mataraman, antara Jogja, Solo, Semarang, lan sekubengané,” kocap Supali.

Supali uga maparaken ning karya sastra zaman kuno akéh ditemokaken tembung-tembung sing masih dienggo ning basa Dermayu sekiyen. kayadéné Ramayana (abad-9), yaiku hana, sira, ratu, musuh, jaya, aji, kabéh, kali, watu; Adiparwa (abad-11), yaiku magawé, lawas, sedeng; Tantu Penggelaran, yaiku: manganaken, sira, magawé, manusa, Imah, rupa; Korawasrama, yaiku kari, mangkana, angen-angen, pati, kabéh; Pararaton, yaiku atinggal, putra lanang, aran, wongira, arupa, wétan; Sudamala, yaiku hana, wawarah, polahira, lakiné; Sri Tanjung, yaiku ana, carita, istriné, atatur, tumurun;

Karya sastra ning Dermayu sewaktu zaman Wiralodra ditulis nganggo basa krama inggil campur krama madya, kayadéné ning Babad Dermayu, yaiku: Puniki pan marginipun hambhujeng lampah pun hénjing ningali medaling surya, nulya hénggal halumaris, lampahing Ki Wiralodra, nétan ngalér marginéki, Hénggal tinarik rinangkul, sesalaman hasta kalih, sarta sareng nya lenggah, humatur hawelas sasih, “Haduh, Kakang tulung kula, nuwun pitulung pun kaki.”

Saraséhan kaya luru oyodé basa Dermayu. Secara oyod, basa Dermayu bisa dideleng sing dialék temporal (kronolék), dialék regional, lan dialék sosial (sosiolék). Basa Dermayu ngalami kronolék sing awit basa Sansekerta, Kawi, Jawa Kuno, Jawa Tengahan, lan Jawa Anyar. Secara dialek regional, basa Dermayu iku manjinged dialék basa

jawa. Basa Jawa déwék nduwéni pirang-pirang dialék, kayadéné basa Jawa dialék Yogya-Solo-Semarang (Mataraman); Dialék Banyumas; Dialék Tegal-Brebes; Dialék Cerbon; Dialék Dermayu; Dialék Banten; Dialék Malang; Dialék Surabaya. Secara sosiolék, basa Dermayu nduwéni loro tingkatan, yaiku ngoko/bagongan lan krama/bebasan, sing

beda karo wilayah Mataraman sampé duwé pitung tingkatan.

Basa Dermayu uga nduwéni serepan sing basa asing, kayadéné sing Arab, Cina, Blanda, lan Inggris. Sing Arab kayadéné mesigit (mesjid), donga (do'a), kolah (qullah), perlu (fardhu), upakat (muwafakat), wali (aulia). Sing Cina, kayadéné bakwan, bakpao, bakmi, bakso, mi, tahu, taugé, kécap. Sing Blanda, kayadéné pélek (velg), sepur (spoor), plesir (plezier), persekot (voorschoot), supir (chauffeur), perboden (vervboden), kondektur (kondekteur), kenék (knecht), karcis (kaartje), pit (fietst). Sing Inggris, kayadéné blagbag (blackboard), pakuasi (evacuation), plur (floor), pit (speed), repot (report), onder (under).

Agung Nugroho minangka pembanding, maparaken yén basa Jawa dialek Dermayu gampang dipahami déwéké senajan Agung asalé dudu sing Dermayu, tapi sing Cilacap. “Cilacap iku secara basa, manjinged basa Jawa Banyumasan. Antara Cilacap karo Dermayu beli béda adoh. Senajan ana bédané. Tapi réang gampang pahamé, beli sampé wulanan kanggo ngerténi basa Dermayu. Iki sing diarani béda dialék, dudu béda basa,” kocapé Agung. “Ning basa Jawa, wilayah Mataraman kayadéné Jogja, Sola, Semarang lan sekubengane seringé ngarani Jawa Banyumasan iku basa ngapak. Mungkin kerna ana sing béda karo wilayah Mataraman iku, misalé ngucap vokal a tetep a. Iki kan pada baé karo Dermayu, sing ngucap a tetep a, dudu dadi o. Sewaliké, wong Banyumasan nyebut basa ning Mataraman iku basa bandhék,” jaré Agung maning.

Ning saraséhan uga akéh pitakonan. Sing awit masalah basa bagongan lan bebasan, kurikulum sekolah, kawicaksanaan pamréntah, peraturan daérah, penerbitan buku-buku, perguruan tinggi sing mbuka jurusan, sampé kawruh sajérone basa lan sastra. **(Tim Pesisir)*****



NDONGÉNG CRITA DAÉRAH NINGKATAKEN LITERASI

Pelataran kantor Dinas Arpus (Kearsipan & Perpustakaan) Kab. Indramayu kalih dinten puniku (9-10/4/2018) ketingal sumringah. Boten biasané, wonten tarub tenda, panggung, lan korsi-korsi. Teng panggung wonten baliho ingkang seratanipun, “Lomba Berceita.....”.

Rupi-rupiné, wonten lomba ndongéng crita daérah kanggé laré-laré sekolah dasar. Pancén leres, para pamilet mulai dugi ingkang wakil saking kecamatan-kecamatan se-Kabupaten Indramayu. Para pamilet wau sampun siap manggungaken ndongéng teng inggil panggung. Rata-rata busana ingkang dienggé, inggih punika busana daérah. Malahan wonten ingkang mbakta pekakas kanggo mbantu dongéngan.

“Mugia lomba puniki saged ningkataken literasi. Soalé, tujuan utama Dinas Kearsipan lan Perpustakaan puniki, sanés lomba mawon. Inggih langkung penting malih, kepripon laré-laré saged ndongéng ingkang asalipun saking buku-buku. Maos buku lan seneng teng buku punika ngrupiaken kegiatan literasi,” kocapipun Kepala Dinas Arpus, Drs. Toto Susmanto, M.Si. nalika mbuka acara.

Kegiatan lomba ditujuaken supados saged ngembangaken seneng maos buku teng kalangan siswa SD, nglestariaken budaya daérah, lan ngembangaken crita daérah ingkang wonten teng buku-buku perpustakaan. Téma lomba uga pas pisan, “Nglestariaken budaya bangsa liwat seneng maca”.

Punapa ingkang disampéaken dumateng Kepala Dinas, uga sami sareng Kabid teng Dinas Arpus, Anry, nalika nyukani arahan teng temu téknik sedéringé. “Salah satunggalipun persyaratan pamilet lomba, inggih punika nyetoraken daftar buku ingkang sampun diwaos pamilet. Sebab Dinas ndorong laré-laré supados seneng maos buku teng perpustakaan. Saged teng perpustakaan daerah utawi teng sekolah,” ujaripun Anry.

Lomba puniki, miturut Kasie, Titin Suyanti, ngrupiaken seléksi kanggé maju teng tingkat provinsi. Dijelasaken pinyambeké, “Lomba teng tingkat provinsi miturut rencana badé dilaksanakken awal Mei taun niki. Dados, teng tingkat kabupatén puniki ngrupiaken seléksi.”

Senajan mekaten, sanés juara pertama mawon ingkang dipilih juri. Wonten enem juara ingkang angsal hadiah, tropi, lan piagam. Juara kaping setunggal angsal hadiah Rp 2 juta, juara kaping kalih Rp 1,5 juta, juara kaping tiga Rp 1 juta, juara harapan setunggal Rp 750 éwu, juara harapan kalih Rp 500 éwu, juara harapan tiga Rp 350 éwu.



Dinten pertama lomba ngrupiaken babak penyisihan. Keranten pamileté katah, lomba nembé rampung jam sekawan sonten. Dewan Juri ingkang mbijih pamilet saking Pengawas Sekolah Dasar Disdik Kabupaten Indramayu sedanten, inggih punika Erni Heriningsih, Suhérna, lan Supali Kasim.

Rata-rata pamilet tampil saé mbaktakaken crita daérah. Wonten crita Jaka Tarub, Wiralodra, Endang Dharma, Ketek Bulak, Bawang Abang Bawang Putih, Sangkuriang, Danau Toba, lan sanés-sanésé.

Dinten énjingé dilaksanakaken babak final. Sedéringé lomba ditampilaken tari topeng saking siswi SD BPK Penabur Jatibarang. Rupiné para penonton ugi wonten saking pemustaka dini TK PUI 2 Sindang. Wnten malih para siswa SD. Pamilet final punika wonten enem. Teng babak final punika uga wonten wawancara sesampuné pamilet ndongéng teng inggil panggung. Materi wawancara maksih sekubengan crita ingkang dibaktakaken pamilet.

Akhiripun lomba, diumumkan urutan juara. Keranten ingkang mlebet final punika wonten enem pamilet, sedaya pamilet final angsal juara sedanten. Mung urutan mawon ingkang bénten. Urutan juara lomba ndongéng, inggih punika juara kaping setunggal **Sherlyta Armydian Naffisya** (SDN Jatibarang II Kec. Jatibarang), juara kaping kalih **Hafidz Zafillah Subagja** (SDN Pamayahan I, Kec. Lohbener), juara kaping tiga **Zahratussita** (SDN Gadingan I, Kec. Sliyeg), juara harapan setunggal **Rahmawati** (SDN Telukagung II, Kec. Indramayu), juara harapan kalih **Siti Fatimah** (SDN Telukagung II, Kec. Indramayu), juara harapan tiga **Luthfi Hasby Asshidiqy** (SDN Benda IV, Kec. Karangampel). (*Tim Pesisir*)***

UPAYA BADAN BAHASA NYEBARAKEN 'PENGAYAAN KOSAKATA BAHASA INDONESIA' TENG KOTA CIREBON

déning DESIE NATALIA



Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan ngawontenaken kegiatan Diseminasi (nyebarluasakan ide utawi gagasan) "Program Pengayaan Kosakata Bahasa Indonesia" teng Kota Cirebon. Kegiatan punika diwontenaken dinten Kemis, 12 April 2018 teng Hotel Santika, Cirebon. Para pamilet jumlahipun 150 tiyang, inggih punika mahasiswa saking Universitas 17 Agustus Cirebon, STKIP Invada Cirebon, STIBA Invada Cirebon, media (Harian Fajar Cirebon lan Harian Radar Cirebon), ugi komunitas (Jingga Media), sarta dihadiri dumateng Kepala Balai Bahasa Jawa Barat, Drs. Sutejo.

Kegiatan diseminasi punika ngrupiaken salah satunggaling program Subbidang Kosakata, Bidang Pengembangan, Pusat Pengembangan dan Pelindungan. Tujuanipun ngajak masyarakat supados nggadahi samya giat dateng ngembangipun tembung-tembung basa Indonesia liwat aplikasi *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI) Daring.

Sejawinipun punika, pamilet ditepangaken

sareng „fitur-fitur“ ingkang wonten teng aplikasi punika. Ugi, cara ngajuaken „lema“ enggal utawi ngleresaken „lema“ ingkang wonten teng selebetipun KBBI. Pamilet ugi disukani ater-ater singkat perkawis „leksikografi“. Kegiatan sebaran punika diisi dumateng tiga narasumber, inggih punika Kepala Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Prof. Dr. Dadang Sunendar, M.Hum., Kepala Subbidang Kosakata Pusat Pengembangan dan Pelindungan, Azhari Dasman Darnis, M.Hum., lan dosen Universitas 17 Agustus, Aveny Septi Astriani, S.Pd., M.Hum., sarta dimoderatori dumateng Aulia Arifbillah Anwar, S.S., M.Hum. (STIBA Invada, Cirebon).

Teng salebetipun wiraos Kepala Badan Bahasa, dijelaskan kegiatan diseminasi punika ngrupiaken salah satunggaling wuudk sosialisasi tembung-tembung basa Indonesia, ingkang wonten secara „daring“ (dalam jaringan/*online*) utawi „luring“ (luar jaringan/*offline*). Perkawis mekaten ngrupiaken amanat UU Nomor 24 Taun 2009.

"Kegiatan puniki salah satunggaling usaha kang-

gé ngembangaken tembung-tembung basa daérah ingkang saged mlebet teng basa Indonesia," tegesipun Kepala Badan Bahasa. Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kemendikbud awit taun 1991 nganti 2017 sampun niténi, mlebetaken, lan ngupa-yakaken „validasi“ 652 basa di antawasipun 2.452 daerah pengamatan. Masyarakat Cirebon disuwun saged nyumbangaken tembung-tembung daérah teng selebetipun KBBI V „Daring“.

Miturut Azhari, guna basa daérah inggih punika minangka pendukung basa Indonesia, basa ingkang ngantaraken teng tingkat awal sekolah dasar teng satunggalipun daerah kanggé nglancaraken pengajaran basa Indonesia lan/utawi pelajaran sanésipun, lan minangka sumber basa kanggé nambahi basa Indonesia. Tembung-tembung ingkang saged diusulaken saking Cirebon, kadosdéné *tahu gejrot* lan *nasi jambang* (teng wilayah kuliner), *tarling* (kesenian), lan maksih katah sanésipun.

Wonten pinten-pinten syarat setunggalipun tembung ingkang saged mlebet teng KBBI, inggih punika unik (déréng wonten tembung ingkang mlebet basa Indonesia ingkang ngungkapaken konsép punika kalian arti ingkang persis); pas sareng kaidah basa Indonesia (tembung diwujudaken lan saged mujudaken tembung sanésé sareng kaidah mujudaken tembung basa Indonesia); sedep dipirengaken/eufonik (boten nggadahi suwanten ingkang boten lumrah teng salebetipun basa Indonesia utawi pas sareng kaidah fonologi basa Indonesia); nggadahi „konotasi positif“; lan asring dienggé/frekuensi dienggénipun inggil sanget (tembung sering dimanggihi teng katah sumber saking pinten-pinten klompok penutur selaminipun waktu ingkang cekap lami).

Masyarakat saged milet langsung kanggé nambah-nambah tembung-tembung basa Indonesia teng selebetipun KBBI V „Daring“, inggih punika kalian cara ngusulaken tembung énggal utawi ngusulaken perkawis ngleresaken tembung.

Cara ndaftaraken „akun“ teng KBBI „Daring“, inggih punika:

1. Ndaftaraken teng alamat pos-el ingkang sah.
2. Pencet „tautan daftar baru“ ingkang wonten teng sisih tengen inggil „laman KBBI Daring“.
3. Isi:
 - Nami Lengkep: nami Sedérék ingkang leres. Nami punika badé

digunakaken kanggé nampilaken nami ingkang damel lan pengoréksi usulan.

- Nami Tampilan: nami Sedérék kanggé ditampilaken teng selebetipun „laman KBBI Daring“ (*nickname* dalam laman KBBI Daring).
 - Pos-el: alamat pos-el sah Sedérék, sanés alamat pos-el ingkang didamel sembarang.
 - „Kata sandi“: tembung sandi kanggé „laman KBBI „laman KBBI Daring“ (boten kedah sami kalian tembung sandi kanggé mlebet teng alamat pos-el Sedérék).
 - Wewarah (konfirmasi) „kata sandi“: diserat sami persis sareng kotak [kata sandi]
4. Pencet tombol [Daftarkan]
 5. Buka kotak mlebet (inbox) alamat pos-el ingkang Sedérék daftaraké, Sedérék badé nampi pos-el saking alamat pos-el kbbi.nirbalasia/kemdikbud.go.id sareng nami pengirim "KBBI Daring" lan nggadahi subyek "Konfrmasikan Akun Anda".
 6. Buka pos-el saking KBBI Daring, pencét "tautan ini" ingkang kaserat teng pos-el ingkang dikintunaken dumateng KBBI Daring.
 7. Buka laman kbbi.kemdikbud.go.id, pencet tautan Masuk ingkang wonten teng sisih tengen inggil „laman KBBI Daring“.
 8. Gunakaken alamat pos-el lan „kata sandi“ ingkang nembé mawon Sedérék daftaraké kanggé mlebet teng selebetipun „laman KBBI Daring“.

*kanggé alesan keamanan, saesnipun boten kaserat sami sareng tembung ' kata sandi' kanggé mlebet teng alamat pos-el Sederek.



SIANUA MACA NASKAH JAWA KUNA

déning: KI TARKA SUTARAHARDJA

Pengasuh Sanggar Aksara Jawa Kidang Pananjung (Ki Sidum) Indramayu

Naskah Kuna angrupakaken salah sawijining warisan budaya leluhur Nusantara, dumateng selebeténg karya intelektual leluhur punika inggih kathah werna-werni warta kang prayoga sing wonten patula-patali nipun kalawan kahanan kahuripan jaman rumuhun. Namung kahanan naskah kuna teng masyarakat Indramayu saniki kalah dados kirang dikenal malih, nadyan saumpamané kepanggih puniku sampun ingkang samiya gantos mufangat. Teng jaman saniki naskah dianggep sawiji benda ingkang anggadahi kegaiban (mistis). Padahal rata-rata ingkang nyepeng naskah wau sampun boten ngertos malih macané, kathah kang anganggep yén benda wau sami kalungguhan nipun kelawan dhuwung pusaka, mangka kahanan nipun dados sinenger, wingit lan sakral. Yéku Sanggar Aksara Jawa (SAJA) Kidang Pananjung Indramayu kawiting warsa 2010 teras ngupaya ngempalaken utawine damel data pemilik naskah-naskah kuna ingkang maksih wonten ning masyarakat. Maksudipun tanana liyan ing Bénjang supados saged dititèni utawa disinaoni, isi kandungan nipun saking werna-werninéng model aksara kelawan basa nipun.

Ing tanggal 11 Februari 2018 tumeka tanggal 12 Maret 2018, Pondok Pesantren Mamba'ul Ulum Bata Bata Pamekasan Madura ngraos langkung wigati sarta sesarengan kepéngén milet nglestariaken salah sawiji warisan budaya literasi kuno Jawa. Teng awal tahun 2018 Pihak Ponpes sampun ngempalaken puluhan tumeka ratusan naskah kuna bahan saking Kertas Dluang ingkang nganggé aksara Jawa, lan Pégon. Anapon kang kasebut Dluang yéku satunggaling wraksa ingkang kulité saged didamel dados kertas, para santri nyebataken kelawan nama kertas kapas. Anapon teng Wilayah Kukuban Pasundan wiwitan Dluang punika disebut uga kelawan nama Saéh.

Ponpes Mamba'ul Ulum Bata Bata minangka salah sawiji Ponpes teng Nusantara ingkang sanget perduli dumateng warisan leluhur sarta kearifan lokal. Saking keluarga Ponpes piyambek ternyata kathah anggadahi warisan naskah kuna ingkang sampun dikempalaken, sahéngga jumlah hipun nganti tumeka atusan. Malah-malah Pihak Pimpinan Ponpes mengajeng gadah rencana kepengen luwih kathah pailaran sarta ngempalaken warisan ingka boten saged wilang reginipun punika supados saged kasimpen teng museum ingkang panggonan nipun wonten teng salebete lingkungan



Ponpes punika wau. Anapon kangge ngawedar naskah kuna seratan pégon kabisan Pihak Ponpes boten sesah diragakaken malih, namung kanggé ngawikani isi kandungan naskah-naskah ingkang nganggé tulisan Jawa sing sampun atusan tahun umuré kadosé manggihi kasusahan. Krana teng jaman saniki ngilari tiyang ingkang maksih saged maca naskah kuna wus langka sabab generasi dalang macapatan kadosé sampun telas.

Yaiku K.H. Ilzamuddin salah sawiji wargi Ponpes Mamba'ul Ulum Bata Bata ingkang manggon anéng Kampong Batik Désa Klampar Kecamatan Proppo, Pamekasan – Madura. Piyambek ipun uga gadah kathah warisan naskah kuna. Kirang langkung patang tahun sing wis kapungkur, sang kyai puniki sampun mercantenaken maring SAJA kangge ngalih basa lan aksara mring kalih naskah Dluang. Sesampuné kegarap kirang langkung setahun, mangka dipun wikani yén isi cariosan naskah punika yaiku ; Carios Layang Samud kelawan Pakem Wayang Kulit Carita Gatotkaca Kawin. Salah satunggil naskah malah kaserat ing warsa 1739, proses terjemahan punika nganti lami, sawab tulisan lan basa nipun langkung sesah lan uga seratan mangsi teng kaca-kaca naskah punika wus kathah ingkang sami samar. Wandan seratan Naskah Kuna Madura anggadai cecirén piyambek ingkang unik tur angel, marma nipun kanggé ngadepi masalah wau SAJA sering kedah sinau malih karakter utawi kekhasan wandan tulis sing kawitan nadyan wus biasa nyerat lan maos tulisan jawa.

Kelawan warta saking pak kyai wau, mangka Pihak Ponpes ngutus maring kanem santri pilihan ingkang masih lenggah teng bangku Kelas X lan XI SMA. Masing-

masing santri dipendet saking bénten-bénten kelas, lan sampun kaidinan kanggé tumut sinau naskah kuna. Diantawis nami-nami para siswa wau, yéku ; Subyan, Fahrurrosyi, Zainal Farid, Ahmad Gharizi, Mohamad Faizin, kelawan Mohamad Badrus Soleh. Piyambek ipun bade tumut sinau sesarengan nyerat lan maca Aksara Jawa énggal minangka pondasi nuli katerasaken maring ngenal sarta maos lan uga nerjemahaken naskah kuna kelawan waktos ingkang singket. Kelawan tujuan Ponpes punika mangka SAJA ambagi tugas lan ngupaya kanggé nyuguhaken bahan pelajaran ingkang gamblang tur pertéla.

1. Ray Mengku Sutentra, S.S minangka ketua menyiapkan bahan ajar ingkang singket lan padet serta awéh sinau tata cara nyerat lan maos Cacaran Pakem Anyar.
2. Rawin Rahardjo, biyantu maring ketua jalaran piyambeké ngajar dumateng SMA 1 Terisi, sahéngga waktosipun kawates.
3. Abdullah Maulany, S.Hum (Bagian Litbang) nyukani bahan ajar bab perkawis pengertén Naskah Kuno kelawan cara pandeng Akademis lan Ilmu Filologi.
4. Ki Tarka Sutarahardja, mbimbing santri kangge ngenal Aksara lan Basa Naskah Kuno, uga nusun kamus naskah ingkang sederhana yéku “ukara utawi kosa kata” nipun langsung kapendhet saking Naskah Kuna Madura. Kelawan cara mekéten para siswa langsung dipun kenalaken kelawan tutur basa naskah leluri nipun piyambek.

Kelawan cara ajar ingkang sederhana lan uga dipun rapetaken wau, para santri sinau selami tigang dinten sampun saged maca lan nyerat nganggé “Pakem Carakan Anyar”. Ngumpak mring dinten kaping lima tumekang kaping sapuluh dipun kenalaken mring rupa-rupa seratan naskah-naskah kuna ingkang yuswa nipun saandhapé satus warsa utawi kénging kasebutaken Naskah Kamardikan kranten rata-rata model aksara lan sandangan maksih boten tebih benten nipun kelawan Pakem Carakan Anyar. Salajengipun tumeka dinten kaping rong puluh para santri dipun tuntun kangge luwih mlebet ngenal seratan naskah kuna ingkang yuswa nipun luwih saking satus warsa. Wonten naskah-naskah ingkang katulis angka tahun nipun, kayadéné ; Babad Cirebon Naskah Sindang 1862, Panji Asmara Bangun 1845, Carios Layang Samud Madura 1739, lan liyan-liyanné.

Sarta dén kawiti kangge langsung nyinaoni naskah kuna Madura, ingkang dibakta khusus saking Ponpes piyambek. Saking telulas naskah kuna kertas dluang, wonten kalih naskah jawa yaiku carita Nabi Yusuf As kelawan Pakem Ramayana, sarta kalih arsip SAJA

angrupakaken foto (JFEG) naskah Carios Layang Samud lan Gatotkaca Kawin. Menawi dén tingali saking kalih naskah wayang punika, saged dén pastikaken yén ning jaman sengén iku wonten seni tradisi wayang purwa Madura.

Bagian ingkang luwih susah lan uga priyogi temen-temen dén sinauni puniku nerjemah basa naskah mring Bahasa Indonesia. Teng jaman saniki, ukara (kosa kata) naskah wus arang kapireng saged uga wus blas babar pisan nora pernah karungu. Kahanane dadi luwih asing, kadosipun sinau basa naskah kalenggahan nipun sami kelawan belajar basané bangsa séjén. Mangka iku pengenalan lan pemenggalan kosa kata dados bagian ingkang langkung prayoga marang alih basa iki. Apa ingkang dén waca déning santri wus leres, namung miturut pemenggalan kosa kata dérèng tinamtu bener sahéngga saged gawé kléru. Miangka contoh tinulis ukara ; “praptagu sti” sakedahé tinulis “prapta gusti”, “prajuritli nuwiha kéh” sakuduné kaserat “prajurit linuwi hakéh”, lan sapanunggal ipun.

Kanggé perkawis ingkang kados puniki, para santri dén suguhi terjemahan wawacan naskah-naskah ingkang sampun dados. Sahéngga piyambek ipun saged wonten gambaran kanggé bab pemenggalan kosa kata ingkang luwih leres. Inggang luwih narik malih yéku tetkalané mbandingaken kosa kata basa naskah kuna Cirebon Dermayu – Madura, umpama dén tingali puniku bénten nipun boten tebih. Minangka contoh kapertelakaken teng ngandhap puniki ;

Madura	Cirebon – Dermayu	Indonesia
Kinkinan	Konkonan	Utusan, disuruh
Kalaban	Kalawan	Dengan, bersama
Mujar	Mojar	Berkata
Misem	Méseme	Tersenyum
Milu	Mélu	Ikut
Lwir	Lir	Seperti
Grewani	Garwané	Istrinya
Kibi	Kabéh	Semua
Kipi	Keimpi	Termimpikan

Saleresé basa naskah Cirebon Dermayu kelawan Madura béda nipun boten tebih, namung menawi dibandingaken kelawan basa tutur Madura ing jaman saniki pesthiné béda. Mangka teng mangsa ngajeng saged mawon diwontenaken panalungtikan hubungan naskah-naskah ingkang kasebut teng inggil punika. Tumindak ageng Ponpes Mamba'ul Ulum Bata Bata anggon nipun milet nglestariaken warisan budaya leluhur puniki patut kacontoh dumateng liyané, pamoga-muga mawon teng mangsa ngajeng saged jumbuh sangsaya kathah pihak-pihak utawi kesadaran masyarakat kangge milet memulé warisan budaya leluhuré.

AGAMA ISLAM MBOTEN “JEDUGAN” (BENTURAN) KALIH BUDAYA PEDALEMAN (LOKAL)

déning ABDUL AZIZ, S.AG.

Teng gedong Panti Budaya, Dewan Kesenian Indramayu wontenaken perayaan saben taun yeniku : HUT utawa hari dadosipun Dewan Kesenian Indramayu teun niki, 2018. Ingkang saben taun dirayaaken kangge ngrameaken gedong lan napak-tilas deleng lan evaluasi seni lan kesenian selami setaun.

Taun niki, benten kalian taun-taun sengien. Bilih taun bengen, mung rayaan klawan upacara motong tumpeng lan nampilaken seni/atraksi kesenian. Uga nyukuri kanikmatan ingkang linuih saking gusti Allah SWT. Taun niki, 2018. Ingkang dikomdani kang Lebe Sihabudin, piambeki seniman dan pengusaha kerajinan aksesoris saking semprotan emas teng dusun Kepandean Dermayu. Lan dados kopmandan teng kelompok seni lawakan utawa bodoran dermayonan, ingkang biasane wonten teng seni Sandiwara utawa drama/teater tradisional.

Taun 2018, pranata acaranipun yaniku mirengaken/ngrongoaken orasi utawa pidato/ petatah-petitih kebudayaan/budaya dermayu. Ingkang dados penyaji pertami nggih punika : Mama Supali Kasim, budayawan dermayu ingkang sampun melanglang buana teng jagat budaya Dermayu klawan nyerat : Buku: Budaya Dermayu lan nyerat teng koran-koran uga tokoh-tokoh seniman Dermayon kados : Mimi Rasinah (seni tari topeng dermayu) lan Mama Sugra (musik Tarling). Piambeki bedar gonta-ganti ketua Dewan Kesenian Indramayu (DKI), duweni ciri khas masing-masing. Kados wa Abuk (Yohanto A. Nugraha) ngurip-ngurip kusastraan dermayu klawan acara KREASI, FORMASI dan teng lembaga DKI. Lan langganan penerima Anugerah Seni teng bidang Sastra, Mas Syayidin jebolan saking ISI (Institut Seni Indonesia) Yogyakarta lan Adung Abdul Ghani, pelukis otodidak. Ngurip-ngurip seni nggambar utawa lukisan teng kanvas lan kabeh jenis kesenian teng DKI, keranten katah genre kesenian kang saged dikuasai.

Saniki kang Sihabudin (Lebe), ngadiraken penyaji Orasi Budaya nomer kalih yaniku Ulama, budayawan alumnus IAIN Sunan Kalijaga Yogyakarta ingkng dakwah teng masyarakat dermayu lan sekitare maduaken seni lan agama kados Emha Aenun Nadjib kalih Gamelan Kiyai

Kanjeng Yogyakarta : kang KH. Ibrohim Nawawi saking Cikedung Indramayu. Bedaraken bilih agama mboten “jedukan” utawa benturan kalih budaya pedaleman (lokal). Contohipun Dakwah kanjeng Sunan Kalijaga kang Dakwah teng masyarakat klawan kesenian wayang Kulit ingkng ngrupiaken tradisi tiang wetan lan asale saking agama Hindu. Gaman utawa senjata pamungkase ksatria Arjuna yaniku Ajian rupa panah Kalima sada utawa kalimat syahadat teng ajaran Islam. Ingkang bilih diuculaken saking busuripun musuh sinten mawon bakal pejah, margi piambeki gadahi kadigdayan ingkng linuwih.

Jare kang Oim (waos: Ibrohim Nawawi) : “Kesenian liane yainiku gamelan Bonang saking dakwahipun kanjeng Sunan Bonang. Musik gamelan ngrupiaken musik tradisional jawa saderenge alat musik gong ditabuh, bonang ditabuh krihin kangge ngiringi tembang jawa napa lintune. Malahan budayawan Emha Aenun Nadjib keliling teng negari Eropa lan liane sampun nyampuraken utawa kolaborasi musik Barat klawan gamelan. Kanjeng Sunan Kalijogo ngrupiaken salah-setunggaliipun waliyullah ingkang gadahi ciri khas ngangge blangkon jawa. Padahal liane naggangge jubah utawa gamis. Lan klambi Sorjan, motif loreng-loreng. Artose, kanjeng sunan Kalijogo ngleburaken ajaran agami ISLAM klawan budaya pedaleman (lokal).


Teng bidang kusastraan tembang kiser Lir-Ilir ipun kanjeng Sunan Kalijogo syaire gadahi makna ingkang jero. Tembang lir Ilir nyukni nasehat kangge kabeh menusa, yaniku menusa kabeh dikengken ngililir utawa tangi/bangun saking sifat males lan teturon teng kasur. Tangi saking kasur, gage cangcut taliwanda ngedamel pedamelan karna tetanduran sawahipun sampun Ijo Royo-royo, sampun wayahe dipanen. Lan : Bocah angon-bocah angon penekno blimbing kuwi. Lunyu-lunyu penekno, kanggo basuh dodot iro.bilih ditafsiraken yaniku kula kabeh niku kados bocah angon, duweni daya angon utawa mimpin kalih masyarakat. Uga jukut buah blimbing, buah kang batangipun lunyu. Nannging kudu dipanjat, kangge metel buah kang dados karepene menusa gadahi watek ingkang digdaya, kulte atos kados balunge Gatotkaca teng pewayangan, otot kawat balung wesi, sakti mandraguna.

Kang Oim piambek dados mubaligh nyentrik, mboten kangge peci teng siraha ingkang dados ciri khas ulama pesantren. Nanging nggange blangkon kados kanjeng Sunan Kalijogo. Lan ngrampungaken pendidikan kuliya S2 mendet bidang Dakwah klawan tesis: Wayang. Wayang diibarataken menusa kabeh sejagat lan dalangipun gusti Allah SWT. ingkang nentoaken kapan wayang manggung utawa mentas lan kapan mlebet kotak alias pejah mungguh pewayangan.

Mengkonon uga kula ningali teng perayaan Ngarot utawa prosesi dedonga saderenge tandur teng sabin. Supados sabinipun angsal berkah, panen katah lan melimpah. Di selipi Penari sepuh mama Carpan, nari tarian Panji ngange Topeng Panji warna putih. Astone utawa tangange mung digel-ugelaken klawan nuding-

nuding jari penuduh. Nuduhaken, bilih pangeran niku mung siji yaniku gusti Allah SWT. Nggih punika ngelmu Tauhid ngelmu kang bedaraken bilih pangeran niku mung siji uatawa setunggal (monotheisme).

Kang Oim, kula lan panjenengan sami bilih bedar agami Islam mboten jedukan klawan budaya pedaleman saged njiplak kados kanjeng Sunan Kalijogo, Sunan Bonang lan lintune nyebaraken dakwah Islam mboten nggange cara syar'i uatawa hukum Islam mawon ingkang hitam lan putih . Nanging saged linuwih ningkat klawan cara thariqot lan hakikat ingkang puncake saged mlebet teng ngelmu makrifat maring gusti Allah. Karenten gusti Allah remen utawa seneng seni ingkang ngalusaken ati lan pikiran dadosaken jagat alam menusa padang-linglang kayadene wulan purnama. Amin .



GUYON SELAKON

déning : MAYA DEWI MULYANI, S.PD
Guru SMP Negeri 7 Cirebon

BLAJAR MACA

Ana wong tuwa mblajari anake kang lagi sewot, lantaran bli gelem blajar nanging dipaksa. Dadie mekenen kih :

Mboke : "Pa'i, mene gage blajar maca !"

Pa'i : "Mong mi, pengen nonton TV dikit."

(Bari sewot lan nangis)

Mboke : "Gage mene, pengen pinter bli ?"

(Bari sewot maning)

(Pa'i bari nangis lantaran dipaksa kongkon blajar nyamperi mboke. Mboke mulai ngajari)

Mboke : "T...U..."

Pa'i : "Tu..."

Mboke : "J...U..."

Pa'i : "Ju..."

Mboke : "Tambah H..."

Pa'i : "Juha.."

Mboke : "Kenapa dibacae dadi juha kuh ?"

(Mboke sewot, tapi bari gemuyu)

Pa'i : "Ya iya kan, jare mimi tu (tu), ju (ju) tambah h. Kan dibacae juha.."

Mboke : "Mulane ge ari dikongkon blajar kuh kudu gelem, aja mong-mongan. Dadi bae tu+ju+h = juha."

BLAJAR PRIBASA

Mboke : "Pa'i, jawab kih...apa pribasa air susu dibalas dengan ?"

Pa'i : "Air termos."

Mboke : "Sira kuh priben jawabe, masa air termos ?"

Pa'i : "Kan mimi ari gawe banyu susu sing termos banyue."

Mboke : "Sira kuh cung, anake sapa, ari blajar jawabane salah bae ! Duh Gusti.... Kudu kepriben cara ngajaranane ??????"



BASA JAWA CERBON/DERMAYU

INGKANG DIENGGÉ TENG KABUPATEN KARAWANG

déning HELMY IDRIS SUPRATMAN

Basa punika sistem lambang suwanten ujaran ingkang dienggé kanggé komunikasi teng masyarakat ingkang nganggé. Basa ingkang saé megar ingkang dasaripun satunggaling sistem, inggih punika seperangkat aturan ingkang dituruti dumateng ingkang nganggé. Basa nggadahi fungsi minangka sarana komunikasi sarta dados sarana integrasi lan adaptasi.

Para ahli basa nggadahi teori perkawis basa. Miturut Bill Adams, basa inggih punika satunggaling sistem ngembangaken psikologi individu teng salebetipun konteks inter-subjektif. Wittgenstein wiraosaken, basa ngrupiaken wujud pemikiran ingkang saged dipahami, nggadahi kaitan sareng kasunyatan, lan nggadahi wujud lan susunan ingkang logis.

Sudaryono nuturaken, basa inggih punika sarana komunikasi ingkang efektif senajan boten sempurna, dados wujud ingkang boten sempurna basa punika minangka sarana komunikasi dados salah satunggaling sumber wontené kesalahpahaman.

Upami ditingal saking contoh-contoh definisi lan pengertian perkawis basa miturut para ahli teng inggil, kula-kula saged ningal, wonten perkawis ingkang bénten. Saben ahli ingkang gadah definisi ningal basa teng pandangan piyambek, inggih pundi teng pundi sing dados sorotan punika. Namung, senajan wonten definisi ingkang bénten, kados-kadosé wonten kesepakatan sareng-sareng, yén basa inggih punika alat komunikasi. Basa dados alat komunikasi, inggih punika basa nggadahi fungsi-fungsi lan jenis-jenis ragam piyambek.

Saklebatan teng Karawang

Kab. Karawang inggih punika salah satunggaling kabupaten teng Provinsi Jawa Barat. Kabupaten puniki nggadahi wates sareng Kab Bekasi lan Kab Bogor teng wilayah kilén, Laut Jawa teng lér, Kab Subang teng wetan, lan Kab Purwakarta teng tenggara, sarta Kab Cianjur teng kidul.

Kecamatan teng Kab Karawang wonten 30, inggih punika: Banyusari, Batujaya, Ciampél, Cibuaya, Cikampék, Cilamaya Kulon, Cilamaya Wétan, Cilebar, Jatisari, Jayakarta, Karawang Barat, Karawang Timur, Klari, Kotabaru, Kutawaluya, Lemahabang, Majalaya, Pakisjaya, Pangkalan, Pedes, Purwasari, Rawamerta, Rengasdéngklok, Talagasari, Tegalwaru, Telukjambé

Barat, Telukjambé Timur, Tempuran, Tirtajaya, lan Tirtamulya.

Kec. Cilamaya Wetan

Cilamaya Wétan inggih punika salah satunggaling kecamatan teng Kabupaten Karawang. Sengen, sederéngé dipecah dados 2 (kalih) kecamatan, naminé Kec Cilamaya. Saniki sampung dados Kec Cilamaya Wetan lan Keca Cilamaya Kulon.

Basa teng Karawang

Penduduk Kab Karawang umumé punika suku Sunda ingkang nganggé basa Sunda, nanging teng Karawang uga wonten basa lan budaya sanese, antawisipun basa lan budaya Betawi teng daerah ler Karawang. Persisé teng sebagian Kec Batujaya lan Kec Pakisjaya. Wonten malih basa Jawa Cerbon-Dermayu teng wilayah ler, inggih punika Kec Tempuran, Cilamaya Wétan, Cilamaya kulon, Pedes, Kutawaluya, Cibuaya, lan Banyusari.

Senajan wonten 3 (tiga) basa, masyarakat rukun sanget. Boten wonten ingkang dados perkawis teng sedinten-dintené. Boten wonten masalah ingkang kaitané sareng logat, gaya, lan dialeké.

Wontené basa Betawi, keranten caket sareng Kab Bekasi, Basa sedinten-dintené ingkang dikenal “basa ora, basa kaga,” lan sanés-sanésé.

Kecamatan lan désa teng Kab Karawang ingkang nganggé basa Jawa, inggih punika:

1. Kec Pedes:
 - * Désa Sungaibuntu
 - * Randu Dongkal
 - * Désa Sungai Bambu
 - * Désa Tegal Bambu
2. Kec Kutawaluya: Désa Sindangsari
3. Kec Cilebar: Désa Cikandé (Jawa Banten)
4. Kec Cibuaya:
 - * Désa Cibuaya
 - * Désa Cemara
5. Kec Tempuran:
 - * Désa Cikuntul
 - * Désa Sambirangrang
 - * Désa Ciparagejaya
6. Kec Cilamaya Kulon:

- * Désa Muktijaya
 - * Désa Pasirjaya
 - * Désa Sukajaya
 - * Désa Sukamulya
 - * Désa Bayur Lor
 - * Désa Bayur Kidul
 - * Désa Pasirukem
 - * Désa Langgensari
 - * Désa Sumurgedé
7. Kec Cilamaya Wétan:
- * Désa Cikarang
 - * Désa Cikalong
 - * Désa Tegalsari
 - * Désa Tegalwaru
 - * Désa Mekarmaya
 - * Désa Sukatani
 - * Désa Rawagempol Wétan
 - * Désa Rawagempol Kulon
 - * Désa Sukerta
 - * Désa Muara Baru
 - * Désa Muara
 - * Désa Cilamaya

Basa Jawa teng Cilamaya nyampur sareng basa Sunda lan Betawi. Kec Cilamaya ingkang gadah 12 (kalih las) désa rata-rata nganggé basa Jawa dialék Cerbon lan Dermayu. Tingkatan basa ingkang dienggé sedinten-dintené nganggé basa Ngoko. Dibanding tingkatan basa Krama, maksih katah ingkang nganggé basa Ngoko. Mungkin wonten warga teng dusun/desa nganggé basa bebasan/krama, nanging jumlahipun sekedik.

Inyong, Kita, Kula, ingkang sering dienggé dadios basa sedinten-dinten. Contoh ukara:

1. *Inyong* Garepan mana
2. *Kita* Arep mana
3. *Kula* Arep mana

Teng Cilamaya campuran basa Sunda lan Jawa sampun awor lan boten dados perkara.

Basa sedinten-dinten ingkang dienggé teng masyarakat Cilamaya, contohé:

Mrail, Mredek, Menghiwal, contoh ukara:

1. Ih, Bocahkeh *mrail* di omonginané
2. Ih, Irakuh *mredek* temen dibejanikuh
3. Ko keh ari diomongi *Menghiwal*

Contoh tembung

“Pok Tréléng”: *Ko kéh ari jaluk apa-apakuh kudu pok tréléng baé*

“Ngeblatak”: *Uh.. Ari mung sendal kaya kué mah enyong gah ngeblatak*

“Ngajedog”: *Bocahkeh sing mau bolak balik baé, beli gelem ngajedog mah*

“Jor”: *Jor béh lah, arep diterima arep beli*

“Nos”: *Nos ah... Pusing !! Mikiri utang bli lunas-lunas*

“Kajuné” (Bhs. Indonesia: katanya. Basa Dermayu: jaré) *Kang, kajuné tuku iwak?*

“Gawur”: *Ka.. Pak kaji arep gawur, anaké teka sing Saudi*

“Blangsak”: *Siramah, uripé seumur-umur blangsak baé*

“Ngadelék”: *Ari ko beli ngadelék??? Wong tua seméné lagi ripuhé keh*

“Mantog”: *Wislah,,!!!! Mana mantog sing adoh*

“Manyun”: *Priwén bli kesel, ari laki teka deleng rabi rainé manyun baé*

“Ngeuh”: *Enyong mah bli ngeuh, ari Kosim keh bokat dudu duluré Ko*

Wonten basa tutur, inggih punika ucapan. Wnten malih istilah titir, puniku isyarat. Tutur langkung balap dibanding titir.

Contoh:

Kebakaran, nganggé kantong (Titir)

Kebakaran nganggé ucapan (Tutur) langkung balap

Contoh tembung “Tagon” (pacar):

Ooohh..kie kuh tagoné ira.???

Wonten malih basa lelucon teng Kab Karawang, inggih punika saking basa Betawi, basa Jawa, lan basa Sunda

Contoh lelucon basa Betawi:

Makan Karang (makan Sekarang),

makan gagaikan (Makan tidak ada ikan)

makan tarajeh (Makannya nanti saja)

“Bang mau kemana, alaah kaga paké hélm, ti tangkep polisi dah..”

Contoh lelucon basa Jawa:

Nyupang, (Nyuda Pangan)

“Ari wong pengen sugih mah kudu nyupang”

Campuran basa kadang-kadang wonten salah paham, nanging akiré dimaklumi. Komunikasi tiyang Sunda sareng tiyang Jawa upami boten saged mahami salah satunggaling basa, mungkin saged dados kesalahpahaman.

Contoh: *Pa, bilih palay dahar mah sakahareup weh....! (Sunda)*

Yén tiyang Jawa boten mahami arti ucapan punika, saged dados kesalahpahaman.

Miturut pengertian saking tiyang Jawa, sakahareup puniku saka arep, ingkang gadah arti dikengken dahar kayu tiang ingkang wonten teng ajeng griya. Pengertian basa Jawa napsiraken, “Masa kita dikongkon dahar saka arep?”

Mekoten wonten campuran tigang basa ingkang wonten teng Kab Karawang. Matur kesuwun.***

Helmy Idris Supratman, warga teng Dusun Sukamanah
Rt. 04/01, Desa Cilamaya Kec. Cilamaya Wetan,
Kab. Karawang. No. Hp 0858 1176 9212.

LIMANG PERKARA TEMBUNG, BEDA BASA DERMAYU LAN BASA JAWA WETAN

déning SUPALI KASIM

Basa Dermayu iku kegolongé basa Jawa dialék Dermayu. Ning mangsa sekiyen warga nyebuté langsung baé minangka basa Dermayu. Yén nyebut basa Jawa sing ana ning Provinsi Jawa Tengah, Yogyakarta, lan Jawa Timur yaiku basa Jawa Wétan. Tulisan iku uga nyebutaken mengkonon, yaiku basa Jawa dialék Dermayu minangka basa Dermayu, lan basa Jawa sing dadi puser megaré basa Jawa Anyar ning Solo-Jogja, yaiku basa Jawa Wétan.

Tek sebut basa Jawa Anyar, sebabé secara mangsa megaré basa Jawa iku ana telung mangsa, yaiku mangsa basa Jawa Kuna, mangsa Jawa Tengahan, lan mangsa Jawa Anyar. Miturut Mardiwarsito lan Kridalaksana (2012:15), basa Jawa Kuna minangka salah sawjiné waga basa Austronesia yaiku basa sing duwé kasusastran sing tuwa pisan. Salah sawiji karya sastra paling tua judul *Candakarana*, ngemot aran raja keturunan Sailendra, sing perkiraané awit abad kaping-8 Masehi, kerna raja kuwen yaiku raja sing gawé candi Kalasan (\pm taun 700 Saka utawa 778 Masehi). Piagam bahasa Jawa Kuna (sing weruh sampé sekiyen) ditemokaken ning Désa Sukabumi (parek Kediri, Jawa Timur) sing isiné angka taun 726 Saka utawa 804 Maséhi.

Basa Jawa Kuna ngrupakaken salah sawijiné dialek temporal basa Jawa. Basa Jawa Kuna kayadéné sing dienggo ning sajeroné buké *Ramayana*, *Adiparwa*, *Arjunawiwaha*, *Bharatayuddha* lan séjéné dienggo mung sampé ngadegé Kerajaan Singasari.

Ning zaman Majapahit, basa Jawa Tengahan wis dadi basa sedina-dina. Senajan agama Islam waktu kuwen wis manjing lan mulai cukul ning Pulo Jawa, tapi basa Arab durung duwé pengaruh ning kasusastran. Para pujangga masih terus nggunakaken basa buku, kayadéné *Desawarnana* (sing awalé dikenal karo *Nagarakretagama*), *Arjunawiwaha*, *Sutasoma*, *Dharmasunya* (taun 1382 utawa 1418 M) lan Harisraya (kakawin sing duwé ciri angka taun sengkalan muniné Sad sanganjala candra = 1496 Saka utawa 1574 Masehi). Basa Jawa Anyar katon ning karya sastra sing awit zaman Kesultanan Mataram utawa Surakarta awal (taun 1740) sampé sekiyen.

Tembung-tembung ning basa Dermayu masih ana sing nganggo basa Jawa Kuna lan Jawa Tengahan. Tamtu baé ning tembung sing basa Jawa Anyar uga akéh. Kayadéné tembung-tembung ning karya sastra Jawa Kuna, masih ana sing masih dienggo ning basa Dermayu sedina-dinané. Contohé ning kekawin *Ramayana* (karya abad kaping-9), ana tembung 'sira' (*dia*), 'nira' (*nya, dia*), 'kadi' (*seperti*). Ning gancaran *Adiparwa* (abad kaping-11), ana

tembung 'sira' (*dia*), 'nira' (*dia*), 'magawé' (*membuat*).

Tembung 'sira', 'magawé', 'kadi' uga ana ning karya sastra basa Jawa Tengahan a, *Tangtu Panggelaran*. Sementara ning karya sastra Korawasrama, ana tembung 'kari' (*tinggal*), 'mangkana' (*demikianlah*), 'angen-angen' (*pikiran*), 'saya' (*makin*), 'sira' (*dia*), 'kabeh' (*semua*). Ning karya sastra *Pararaton*, ana tembung 'lanang' (*lelaki*), 'atinggal' (*meninggalkan*), 'aran' (bernama), 'hana' (*ada*), 'wongira' (*pegawainya*), 'buyut' (*buyut*), 'arupa' (*rupanya*), 'ing' (*di*), 'wetan' (*timur*).

Ning karya sastra basa Jawa Tengahan b, akéh tembung-tembung sing masih dienggo ning basa Dermayu sekiyen, kayadéné ning karya *Sudamala*, ana tembung 'wawarah' (memberi tahu), 'lakiné' (*suaminya*). Ning karya *Sri Tanjung*, ana tembung 'ana' (*ada*), 'tumurun' (*temurun*), 'anggawe' (*berbuat*).

Yén dideleng ning tembung-tembungé, karya sastra sing ana ning mangsa Jawa Kuna (abad kaping-9) sampé ning mangsa Jawa Tengahan a lan b (abad kaping-16), katulis nganggo basa ngoko/bagongan. Tapi beda maning karo karya sastra sing ana ning mangsa Jawa Tengahan sauwisé abad-16. Basa sing dienggo katon campuran antara ngoko/bagongan karo krama/bebasan. Contohé ning karya sastra *Kitab Bonang*, ana tembung basa krama/bebasan, yaiku 'punika' (*inilah*), 'dhateng' (*kepada*), 'wedalning' (*asal*), 'saking' (*dari*). Tapi, uga ana basa ngoko/bagongan, kayadéné tembung 'nira' (*nya, dia*), 'kabeh' (*semua*). Karya sastra sing nganggo basa krama/bebasan kabeh ana ning abad kaping-18, tapi masih kagolong mangsa Jawa Tengahan, yaiku ning karya *Rengganis*.

Basa krama/bebasan kaya-kayané mulai ana ning abad kaping-16, sebab sedurungé abad semono karya sastra masih ditulis nganggo basa ngoko/bagongan baé. Basa ngoko/bagongan dadi basa sing lumrah. Kaetung mulai abad kaping-9 sampai kaping-16 durung ana tingkatan/undak-usuk basa. Tapi mulai abad kaping-16 ana telung macem tingkatan basa ning karya sastra, yaiku a) ana sing nganggo basa ngoko/bagongan baé; b) ana sing nganggo basa krama/bebasan baé; c) ana sing nganggo campuran ngoko/bagongan lan krama/bebasan.

Senajan ana basa ngoko/bagongan ning karya sastra mangsa Jawa Anyar, tembung-tembung sing ana nyatané dudu tembung-tembung sing dikenal ning basa Dermayu. Ning karya *Serat Kancil*, contohé, tembung sing ana yaiku basa ngoko Jawa Wetan, sing beli pada karo basa Dermayu, yaku:

Wangsulané Céléng marang Kancil: "Kowé iku yén celathu mung sakényoh-kenyohé baé, dupéh ora tuku;

balik rupamu dhewe kepriyé, apa becik mana, cilik menthik, lakumu iplik, atimu ora becik, jalukan ora wéwéhan, dhakah surakah, dhemen malak ora sumanak, celathumu ladak. (Mardiarsito 7 Kridalaksana, 2012:21).

Yén dicoba nganggo basa Dermayu tingkatan ngoko/bagongan, muniné dadi mengkénén:

Semaure Céléng ning Kancil: "Sira iku yén ngucap padu nyeplos baé, dupéh beli olih tu-ku; Delengen rupanira dhéwék kepribén, ba-gus tah? Cilik menthik, mlakuné balap tapi mung setitik, atinira blésak, bisané mung njaluk baé, ora gelem maih-maihan, srakah, se-nengé njaluk maksa, omonganira sombong.

Krasa pisan tembung-tembung sing béda, senajan pada baé ning tingkatan ngoko kabéh. Artiné, ning kono ana dialék sing pancén beda antara basa Jawa dialek Dermayu utawa basa Drmayu karo basa Jawa dialék Wean utawa basa Jawa Wétan.

Jawa dialék Dermayu

Penelitian LIPI (Lembaga Ilmu Pengetahuan Indonesia) taun 1984 nyebutaken, Jawa Barat iku masyarakat nganggo basa Sunda kacuali ning sebelah wétan pesisir lor nganggo basa Jawa, yaiku basa Jawa dialék Dermayu lan basa Jawa dialék Cerbon. Ning Jakarta lan sekubengané nganggo basa Melayu dialék Jakarta.

Penelitian perkara basa Jawa ning Provinsi Jawa Barat lan Banten sing dilakokaken Balai Bahasa Bandung (sekiyen arané Balai Bahasa Jawa Barat) taun 2007, nyebutaken anané dialék Jawa Pantura, dialék Jawa Cikoneng, dialék Jawa [o], lan dialék Jawa Ciamis. Sewaktu penelitian, sebaran wilayah sing manjing dialék Jawa Pantura, yaiku ning Indramayu, Tangerang, Cirebon, Karawang, Serang, Majalengka, lan Subang.

Sing luwih ulu maning, yaiku tulisan wong Eropa sing judulé *Javaansch Dialekt van Dermajoe (Indramajoe)* utawa Basa Jawa Dialek Dermayu (Indramayu).

Sing awal wis disebutaken, ndodoké basa Dermayu iku kegolongé dialék sing basa Jawa Wétan. Artiné, yén ana tembung ning basa Dermayu sing beli dipahami ning basa Jawa Wétan, bisa kasebut tembung dialék. Nyatané, beli setitik tembung-tembung kaya mengkonon sing dienggo ning Dermayu, tapi beli dienggo ning Jawa Wétan. Perkara beli dienggo ning Jawa Wétan, bisa diocéki sing limang perkara. Jumlah limang perkara iku, yaiku kerna tembung beli dikenal, kerna pengertian tembung dadi ciyut, kerna wis digenti tembung séjén, kerna dianggepé kasar, lan kerna wis béda pisan artiné.

Tembung beli dikenal

Kaping siji, ana tembung-tembung sing lumrah dienggo ning Dermayu tapi beli dikenal ning Jawa Wétan. Kerna beli dikenal ning Jawa Wétan, dianggepé tembung-tembung iku minangka tembung dialék. Dianggepé dudu basa Jawa, sebab puser megaré basa Jawa dianggepé ning Solo-Jogja. Sejatiné, itung-itungan mengkonon mung nggaris basa Jawa sing awit basa Jawa Anyar, yaiku ning mangsa Kesultanan Mataram taun 1600-an. Puseré Mataram pancen Solo-Jogja sekiyen.

Contoh tembung sing beli dikenal ning Jawa

Wétan, yaiku 'dermaga' (*jalan besar, jalan raya*), 'kuwu' (*kepala desa*), 'wruju' (*bungsu*), 'bobad' (*bohong*), 'beli' (*tidak*), 'ceplik' (*cabe kecil*), 'garang' (*gagah*). Ning Jawa Wétan, langka tembung 'dermaga', tapi anané 'dalan gedhé'. Langka 'kuwu', anané 'lurah'. Langka 'wruju', anané 'ragil'. Langka 'bobad', anané 'goroh' utawa 'apus'. Langka 'ceplik', anané 'rawit'. Langka 'beli', anané 'ora'.

Tembung-tembung sing lumrah dienggo ning Dermayu tapi beli lumrah dienggo ning Jawa Wétan, nyatané katulis ning *Bausastra Jawa* susunan S. Prawiroatmodjo cap-capan kaping III-1994 (Yayasan "Djojo Bojo" Surabaya), minangka kamus basa Jawa sing dianggep bagus. Tembung sing beli dienggo ning Jawa Wétan, kayadéné 'dermaga', 'kuwu', 'wruju', 'bobad', 'beli', 'ceplik', 'garang' nyatané ana ning kamus kuwen.

Ning kamus basa Jawa (*Bausastra Jawa*, S. Prawiro Atmodjo) kaca 79, katulis 'dermaga/dermagi': dalan gedé. Ning kaca 183, katulis 'kuwu' (ke -) (kw): manggon ing, masanggahan, lurah désa. Ning kaca 421, katulis 'waruju': anak ragil. Ning kaca 45, katulis 'bobab' (bobad, bobag): goroh. Ning kaca 'beli'/'belih': beleh, ora, séjé, dudu. Ning kaca 64, katulis 'ceplik': suweng kecil, perangané suweng sing ana ning tengah, cilik remeh, lombok riwit. Ning kaca 105, katulis 'garang': katon gagah sarta sarwa becik.

Ciyuté pengertian tembung

Kaping loro, ana tembung-tembung sing lumrah dienggo ning Dermayu tapi ning Jawa Wétan mung dienggo ning sawiji perkara baé, sing ora nunjukaken secara umum. Ning Dermayu bisa duwé arti umum, tapi ning Jawa Wétan mung kanggo siji perkara baé. Contohe tembung 'manjing'. Tembung kuwen ning Dermayu bisa dienggo secara umum. Yén dadi ukara, bisa 'manjing umah' (*masuk rumah*), 'manjing sekolah' (*masuk sekolah*), 'manjing kantor' (*masuk kantor*), 'manjing mobil' (*masuk mobil*), 'duwité wis manjing' (*uangnya sudah masuk*), 'bukuné wis manjing tas' (*bukunya sudah masuk tas*), 'barangé beli bisa manjing kapal' (*barangnya tidak bisa masuk kapal*), lan séjén-séjéné. Tapi, ning Jawa Wétan tembung manjing mung kanggo waktu sholat bae, misalé 'adan wis krungu, wis manjing sholat' (*azan sudah terdengar, sudah masuk saat sholat*). Tembung manjing kanggo perkara séjéné, dianggep ning Jawa Wétan beli lumrah lan beli umum.

Ning kamus basa Jawa (*Bausastra Jawa*, S. Prawiro Atmodjo) kaca 207, katulis 'maning' (kw): mlebu, lumbu, beburuh, wis mlebu ora kena dicopot, ngrasuk agama, sumurup dadi.

Digenti tembung séjén

Kaping telu, ana tembung-tembung sing lumrah dienggo ning Dermayu lan sebeneré ning Jawa Wétan dipahami artiné, tapi wis digenti karo tembung séjén. Akiré tembung séjén iku sing luwih dienggo. Tembung sing biasa ning Dermayu dianggepé beli lumrah. Contoh tembung sing kaya konon, yaiku 'weruh' (*tahu*), 'wadon'

(perempuan), 'katon' (kelihatan), 'aran' (nama), 'bisa' (bisa, dapat), 'bengi' (malam), 'parek' (dekat), 'bengén' (dulu).

Ning Jawa Wétan, beli lumrah 'weruh', sebab lumrahé 'ngerti'. Beli lumrah 'wadon', sebab lumrahé 'wédhok'. Beli lumrah 'katon', sebab lumrahé 'kéthok'. Beli lumrah 'aran', sebab lumrahé 'jeneng'. Beli lumrah 'bisa', sebab lumrahé 'iso/isa'. Beli lumrah 'bengi', sebab lumrahe 'wengi'. Beli lumrah 'parek', sebab lumrahe 'cedhak' utawa 'pérek'. Beli lumrah 'bengén', sebab lumrahé 'mbiyén'.

Ning kamus basa Jawa (Bausastra Jawa, S. Prawiro Atmodjo) kaca 423, katulis 'weruh': weruh. Ning kaca 417, katulis 'wadon/éstri': kosok baliné lanang. Ning kaca 156, katulis 'katon/katingal' (k): kena dideleng. Ning kaca 20, katulis 'aran' (nama) (k), asma (ki): jeneng. Ning kaca 40, katulis 'bisa' (saged) (k): kuwagang nglakoni/nindaké; pinter; ora mokal (kelakoné). Ning kaca 37, katulis 'bengi' (daluh) (k): wayah antarané soré lan ésuk. Ning kaca 316, katulis 'parek': cedhak. Ning kaca 37, katulis 'bengan': biyén.

Dianggep tembung kasar

Kaping papat, ana tembung-tembung sing lumrah dienggo ning Dermayu, tapi ning Jawa Wétan dianggepé kasar lan ora sopan, kayadéné 'rabi' (*istri*), 'sira' (*kamu*), 'cungur' (*hidung*), 'cangkem' (*mulut*), 'mangan' (*makan*).

Tembung 'rabi' ning Jawa Wétan dianggepé kasar lan sopan, dadi kudu digenti 'bojo'. Tembung 'sira' dianggepé kasar lan kurang sopan, dadi kudu digenti 'kowé'. Tembung 'cungur' dianggepé kanggo satoan, dadi kudu digenti 'irung'. Tembung 'cangkem' dianggepé kanggo satoan, dadi kudu digenti 'tutukan'. Tembung 'mangan' dianggepé kasar lan kurang sopan, dadi kudu digenti

'nedhi'.

Ning kamus basa Jawa (Bausastra Jawa, S. Prawiro Atmodjo) kaca 345, katulis 'rabi/garwa' (ki): somah, bojo. Ning kaca 364, katulis 'sira' (kw): dhéwéké, kowé. Ning kaca 74, katulis 'cungur': congor. Arti tembung 'congor' ana ning kaca 70, yaiku 'congor': cangkem lan irungé rajakaya; ks. cangkem/irung. Ning kaca 205, katulis 'mangan/nedha' (k)/dhahar (ki): migunakaké pangan; ngaggo; uripe saka.

Wis béda arti

Kaping lima, ana tembung-tembung ning Dermayu sing artiné beli pada karo ning Jawa Wétan. Misalé 'ilok' (*pernah*), 'pitik' (*anak ayam*), 'ngerti' (*paham*), 'towang' (*wilayah tanpa perumahan umah antardesa*), 'ara-ara' (*wilayah yang jauh dari perumahan penduduk*). Ning Jawa Wétan tembung 'ilok' duwe arti 'dilarang', tembung 'pitik' duwé arti 'ayam', tembung 'ngerti' duwé arti 'weruh', tembung 'towang' duwé arti kebonan.

Ning kamus basa Jawa (Bausastra Jawa, S. Prawiro Atmodjo) kaca 129, katulis 'ilok' (ora-): ora becik (dianggo ngelikaké yén ana sing arep nerak gugon tuhon). Ning kaca 331, katulis 'pitik/ayam' (k): bangsané kéwan iwen. Ning kaca 260, katulis 'ngerti/ngertos' (k): nyakup/nyumurupi/mahami (teges/maksud). Ning kaca 396, katulis 'towang': lowang, sela, ora isi.

Ana maning basa varian Dermayu sing beli dikenal-kenal acan ning Jawa Wétan, kayadéné 'jagong' (*duduk*), 'goyang' (*pulang*), 'réang' (*saya*), 'lebu' (*balaidesa*), 'kirik' (*anjing*), 'boléd' (*ketela*), 'bujang' (*pembantu*). Ning kamus basa Jawa (Bausastra Jawa, S. Prawiro Atmodjo), pancén tembung-tembung kuwen beli ditemokaken, kacuali ning kaca 46 ana tembung 'bolét': téla kaspé. ***

DADI WONG AJA SOMBONG

Ning salah siji dina, ana pasangan laki lan rabi kang lagi mangan bareng ning umahe. Aran lakie Lukman lan aran rabie Yanti. Temu-temu lawang umahe digedog ning wong emis. Ndeleng keanaan wong emis iku, Yanti ngrasa bli tegel, lan duwe maksud arep ngupai. Tapi sedurunge, lantaran deweke ngrasa wong wadon kang nurut ning laki, Yanti jaluk ijin dikit ning Lukman, lakie. "Ang, olih bli isun ngupai panganan ning wong emis iku ? ". Rupane Lukman duwe sipat kang beda karo Yanti. Karo swara banter lan kasar, Lukman njawab, " Bli usah ! Usir bae deweke lan tutup maning lawange ! " Yanti kepaksa bli ngupai apa-apa kanggo wong emis mau, dadie wong emis iku lunga karo ati kang kuciwa.

Ning salah siji dina kang sial, bisnise Lukman bangkrut. Kesugihane entok lan Lukman duwe akeh utang ning endi-endi. Sejene iku, lantaran bli cocog karo sipate Yanti, umah tanggae blaratan sampe dadi pegatan.

Bli suwe, Yanti kawin maning karo pedagang ning kota lan urip bahagia kang arane Farid. Ning salah siji

dina, Yanti lagi mangan karo Farid, temu-temu krungu lawang umahe digedor wong. Pas lawang dibuka, tamue iku wong emis kang gawe melasaken. Terus Yanti ngomong ning Farid, " Ang, olih bli isun ngupai wong emis iku ? ". Farid njawab, " Wong emis iku pai mangan ! ".

Sewise ngupai mangan ning wong emis iku, Yanti manjing ning kamer karo nangis. Farid dadi heran lan takon, " Kenapa sira nangis ? Apa sira nangis lantaran isun ngongkong sira ngupai daging ayam ning wong emis iku ? ". Yanti gedeng alus. Terus ngomong karo swara sedih, " Ang, isun sedih karo takdir kang ngagetaken ati. Weruh bli ang, sapa wong emis kang ana ning jaba iku ? Deweke iku laki isun kang bengiyen. "

Ngrungu jawaban rabie mengkonon, Farid kaget, tapi Farid langsung takon, " Lan, sira weruh bli sapa kang sekien dadi laki sira ? Isun iku wong emis kang diusir ning laki sira bengiyen ! " Yanti kaget ngrungu kang tembe diomongaken Farid. Yanti tambah nangis sesenggruken. *** (Sulasnurpeni)

Crita Cindek

CUNGKRING GEGULAT ILMU



déning IMAM EMJE

Dening benjing niki, mega remuk. Kalian udan, kalian petenge mega, kalian grigise banyu. Sendal – sendal dau loyo Luntur kesiram udan, Isun ningali wayah ngelawan cuaca. Angin atis melebuh ning balung isun mandegaken napsu, mandegaken lelaku, ngandegaken kesusu. Mega remuk teng esuk jeput, Wayah lakon di kongkon

Teng salah sawijine dina teng desa tumaritis, wonten Ki Semar lagi glendengan bli karuan.

“ Kalesan wis teka ning waktune, akeh bocah enom kang pada ngawur kelakuane. Hmm... Toli bocah-baocah ku pada mendi ! biasane pada nimbrung sekien langka tangal tongole. “ Ki semar grutu bae.

“ Pa... Lagi apa glandang glendeng dewek bae kuh kaya langka kerjaan maning. Delengen ika tangga-tangga mah pada menggawe ari bapa ning umah bae kepriwen oli duite. “ ujug – ujug gareng nongol karo bagalbuntung. “ Iyaaa... Ari bapa tua kuh uripe mengkonon bae. “cemplong bagalbuntung ngomong.

“Haduuuh... Angger bae dau bae di omongi, heee... ringokena ari bapa kuh ora nganggur, saban dina bapa ngabdi ning kerajaan amarta ning gusti pandawa.

Toli nganggure leba endi ?? “ Ki semar sewot ning anak putue.

“Ya iya ari kun si... tapi ora ilok oli duit. “ gareng nyauri omongane bapane.

“Betul reng...” cletuk bagalbuntung

“Waaah... Arane ora ngerti sira kuh, ari wong ngab-di kuh ora kudu di bayar kang penting atie ikhlas pahala sing pengeran pasti kanggo kita. “jawabe Ki semar nampani omongane Gareng lan Bagalbuntung. “ Dudu, kaya-kayae tek deleng tek sawang anak putune semar kuh kayae ana sing kurang, nacak di absen dikit. “jare Ki Semar. “Gareng?”

“Wonten pak.”

“Bagong?”

“Maksih urip!”

“Bagal buntung?”

“Ana, Bapa tua!”

“Berarti ana yen jawab kuh. Cungkring?”

“Cungkring?”

“Kayane cungkring absen bapa tua. Sebab sedina kien kula dereng deleng kakang cungkring. “jare Bagong

“Mendi lungae cungkring ana sing weru beli?” “Ki semar takon ning sedereke.

“Bapa Tua... mau kita deleng ana ning kamer lagi turonan. “jare bagalbuntung

“Haduuuh... waya mene masi turu bae, nacak beluken kon mene. “Ki semar ngongkon bagalbuntung.

“Siap nyong sing mangkat beluk. “jare Bagong kang rada nurut ning bapane

Rada suwe bagong marek maning kalian cunngring kang emang bener. Tangane ucek – ucek mata. “Pripun pa... “jare cungkring taken ning bapae

“Dudu... jare sira kuh waya mene masi turu bae lagi kenang apa? Gering ta kenang apa?”

“Sanes pak, Kula mboten sakit pa... Cumi kula lagi duwe kepengenan.”

“Kepengenan apa? coba ngomong ning wong tua lan sedulur bokat bae bisa bantu, sebab yen ana masalah kudu diselesai aken yen beli bisa dewekan ya kudu di musyawarahaken.”

“Iya kuh.... “jare bagalbuntung

“Sabere si kula kuh pa... bade wonten kepengenan siji yaiku kepengen nuntut ilmu kang bermanfaat Cumi kula piyambek boten purun, ngilare teng pundi?” jawab cungkring bari rada teges.

“Oh... dadi masalahe sira kuh kuen sampe ora tangi-tangi sing duwur kasur mung mikiri luru ilmu.”

“Nggih pa.”

“Cung... ari bapa si ngrestui pisan yen iya cungkring kepengen nuntut ilmu. Mung Cuma bapa beli weru tempate ning endi, karena bapa si wong ora ilok mondok lan sekolah. Tapi coba nacak takona meng gusti pandawa bokat bae weru tempat kang pas kanggo nuntut ilmu.”

“Dados kulane taren sareng gusti pandawa mawon ta?”

“Iya bokat bae weru. Mana sedulur sedulure pada baturi cungkring bokat ana apa-apa ning dalane sebab yen wong kang lagi nuntut ilmu pasti akeh rintangane.”

“Angger bae beli luh ngrepotaken bae ari bocah kin kuh. “gareng glendeng.

“Hus ! lagi apa ngomong mengkonon kuh beli kena. “Ki semar nyentak.

“Ceg bae kuh bapa tua. Angel ari boca ora lok duwur kuh dadi ngomonge gah ora ilok tinggi. “ bagalbuntung nyemplong.

“iya wis ikhlas deeeeh. “jare gareng

“Ya wis pa kulane pamit.”

“Ya, mangga, sing ati – ati cung.”

Kaligane, yen leres. Menusa garep gawe baik mesti wonten halangan lan rintangan. Kali – kaligane Sokalima weruh yen Cungkring garep luruh ilmu kang bisa manfaat. Nanging sokalima ugah bli weru yen manfaat kanggo apa – apae. “ Haduh !!! Bahaya bahaya... Kita ngrungu sing aran cungkring bocah gering bocah ora bagus lagi gegulat ilmu. Kudu di cegah bari aja luruh ilmu, sebab bahaya yen bocah sing aran cungkring luru ilmu. kudu tek sampeaken ning Prabu mandura kon nyegah cungkring luru ilmu. “sokalima ngomong ning jero ati.

“Pripun, ana apa mondar – mandir karep dewek bae. Lagi kenang apa sih kakang kuh?” jare sengkuni

“Niki wonten bahaya kang bakal terjadi.”

“Bahaya apa sih kang?”

“Cungkring bocah gering, bakal ngancuraken jagat!”

“Maksude kakang pripun? Bisae cungkring garep ngancuraken jagat.”

“Soale mengketen, sing aran cungkring anake semar lagi duwe kepengenan luru elmu sejati ilmu.”

“Elmu apa iku kakang?”

“Syareat Islam “

“Ilmu apa kunkuh?”

“Syareat Islam iku ilmu kang bias nglebur sekabahene kemungkarane kang ana ning dunya, lamon diamalna bener – bener. Lan bias ngangkat drajate wong kang ngamalna mau.”

“Wah, kakang. Kin sih dudu bahaya maning tap iwis teka ning masa kritis. Masa kita kone dikalahna ning boca blesak – blesak bae. Trus, pripun kakang?”

“salah sijie dalan, kita kudu nyegah.”

“Pripun?”

“Mengko lamon bisa diobrolna dikit karo kakang prabu mandura, depati karna lan kang sejen – sejene “

“Bener kakang. Bari sukses. Ayu kakang.”

“Kalesan wis teka ning waktune, udan ngrecek sawengi-wengi mendungpeteng rubet, gunung ora katon pucuke. Jagat liber kenang banyu, banyu kang sebenere dadi dalan urip malah dadi penutupe urip. Jagat sangar yen mendung wis ireng geteng. Kelingan urip kaya rubuh ngalor rubuh ngidul, kaya-kaya kita duweni kewajiban kanggo beneri urip... “Bima ngomongi piyambeke.

“Pripun kakang?” jare Dewi Arimbi rabine Bima

“mboten napa – napa den ayu.”

“oh yaw is kakang. Napi kaya – kayae deleng raut wajaek kakang bima kuh wonten kesawang pikiran kang perlu di sampeaken maring kula.”

“Kakang Bima, sederenge kula nyuwun pangapunten kaliaan kakang.” ujug – ujug Arjuna lebet.

“Pripun?” jawabe bima

“Cungkring wonten keperluan maring pandawa.”

“Wonten keperluan apa jeh?”

“Kula piyambek mboten uning, tapi mungkin kula panggil cungkring kaliaan para pandawa kang sanese.”

Ora suwe pandawa lan cungkring lebet.

“sederenge kula haturaken hormat lan nyuwun ampura, keranten sampun lancang maring kakang – kakang pandawa.” cape cunngkring.

“mboten napa – napa. Kaya – kayae wonten hal kang penting. Kang perlu di sampeaken. Sampe – sampe pandawa kon kumpul.” cape Bima

“hehe. Niki Cumi hal sepele.”

“Sepele pripun?” cape nakula kang penasara.

“ya sepele mawon.”

“Ya pripun?”

“Kula pengen lurus ilmu syareat islam.”

“Syareat Islam? Pripun maksude kakang?” Pandawa saling berunding

“ya, soale jare bapak tua semar, baka pen nuntut ilmu syareat islam kon takon ning kakang – kakang pandawa kang luwih ngerti. Dadi ya kita mene. Ya dakate somono gah maap.” cemplong cungkring bari rada deluk isin.

“oh, mboten napa – napa. Kangge ilmu syareat islam kula piyambek gah dereng paham.” cape bima.

“teras pripun?”

“yawis, mengketen mawon. Kula lan kang sanese rundingan dikit ngangge mecahkan masalah niki. Sebab syareat islam niku ilmu kang sakti mandraguna. Kang sanggup ngelebur hawa kemungkaran kang ana ning dunya.” cape bima

“dados?”

“Dados sekien cungkring balik dikit ngundang bapa tua semar kon mene. Ko kula sedaya bareng – bareng bedaraken.”

“oh ya wis. Enggih kesuwun kakang.”

Tutuge jagat, tutuge waktu lan tutuge urip niku, nalika menusa sadar ning kang ala sadar ning kang becik lan sadar ning kang beli kuwalik. Cungkring sejatine dzat kang eling, eling ning kang sang hyang welas lan asih. Cungkring wujud kemanunggalan kang jujur lan sederhana.

“Wau kula wewiraosan kaliyan mama Semar lan pandawa, yen Ilmu Syareat Islam niku wonten teng Suryalaya.”

“Enggih, kula matur manut percaya kaliaan kakang. Kadosdene kula percayae kula yen besuk bakal nongol serngege.”

“Enggih mangga.”

“Suwun kakang.”

Dipa corot mancleng sejerone dada cungkring, madangi dalam nuju suryalaya nagari adem ayem katresnan agami Islam. Cungkring lan sedulur – dulure atur mangkat nuju suryalaya kados napa kang den ucap dening pandawa.

Sedurunge syahadat, sesampune cungkring hanapak ing nagari suryalaya ilmu pertama kang garep dileboni cungkring. Kurawa lan buta sendyakala mapagi cungkring.

Sengkuni, langsung hajar cungkring, atanapi cungkring saged ngimo lan males mukul sengkuni, langsung geluntung. Sokalima lan Prabumandura ngebur dadi siji, dadi kesaktenan. Atanapi cungkring den bantos semar ngocap Syahadat.

Asyhadu urip mung nunggu mati, ilaha raga boten ical ing lara, illallah boten wonten pugasan dzat widhy dzat wisesa ora nana kang liya, sahadat suket sahadat jati sahadat tetemone pati, sahadat kegawa mati, dzat pangeran ingkang ila akhirihi, kari awak tanda sawiji, kalbu putih tanpa dzat les, pangeran muliya kang putih, ratna gumilang rasa mulya teng akerat. Asyhadu allah illah ha Illah waashadu anna muhammadarasulullah.

Kurawa minangka wujud kemungkaran, lebur dadi awu sesampuni cungkring ngucap syahadat. Wujud elmu pertama syareat Islam.

*Penyerat, Kitua Komunitas Sketsa Pribumi Cirebon



BANDHA DADI MEMALA, PANGKAT DADI PEMIKAT

déning ELSA MUTIARA NINGSIH

Wis dudu rahasia maning lamun ning desa wewulu masyarakate dipai keahlian khusus yaiku gawe mebel. Saking terkenal hampir kabeh umah ning kene gawe usaha mebel. Ya pastie mung uwong-uwong kang duwe modal gede bae sing bisa buka usaha lan bisa olih untung gede. Uwong-uwong model Satim, Kasdula, Aab, lan sejene sing mung duwe modal tenaga ya paling mung dadi tukang. Ana sing bisa melistur ya melistur, sing bisa nugel kayu ya nugel kayu, sing bisa ngerempelas ya ngerempelas, sing bisa ngukir ya ngukir. Tapi ana uga kang bisa sekabehane bisa ngelakoni pegawean apa bae soal permebelan. Wong ikuh arane Parman.

Parman wis keculuk dadi tukang kayu serba bisa, beli aneh lamun deweke dadi pegawe emase majikane yaiku Edi. Edi lan Parman sebenere batur ruket singawit cilik. Bedae Edi anake wong gableg lan Parman anake wong ora duwe. Edi singawit cilik doyan nangis, lamun gulet karo bature pasti Edi jaluk bekingane Parman. Sing cilik Parman wis keculuk jagoan. Gulet karo sapa bae pasti menang. Sampe gede sekolah ning STM dadi panglima tawuran. Edi sing dadi batur rukete Parman sering disewoti kenang wong tuwae gara-gara sering kenang kasus tawuran sampe pernah manjing kantor pulisi. “Kiyen pasti gara-gara baturane karo Parman sira dadi kepelu-pelu bli bener, pokoke sira aja dolan karo Parman maning cung!” wong tuwae Edi nyewot sedalandan ning anake sepragate nebus anak semata wayange lan batur-bature ning kantor pulisi. Sing awit kejadian kuwen Edi bener-bener putus hubungan karo Parman. Lulus sekolah Edi ngelanjutaken usaha wong tuwae kang wis sering sakit-sakitan.



Wis dadi pengusaha gedean Edi buka cabang usaha ning ibu kota. Ana kejadian sewaktu Edi lagi ning Ibu Kota ngontrol usaha deweke ditodong preman lan apan ditunjlep wetenge nganggo belati. Beli samar beli pangling Edi ning belati kuwen, Edi kelingan pisan belati kuwen sing biasa dienggo deng bature lamun tawuran. Pas Edi beluk aran Parman preman iku langsung jaluk pangapura. Bener bae preman iku nyatae Parman.

“Jaluk pangapurae Ed, ning kene kita kambang kampul uripe, bli gampang oli pegawean sing bener, luwih-luwih tuntutan rabi kang nambah dina nambah warna-warna.” Parman cerita nasibe kang beli diterima ning lingkungan umahe kerna dianggep beli bener sampe lunga ning Ibu Kota karo rabie.

“Aih sekiyen sira wis duwe rabi ta Man?” takon Edi kaya wong beli nyangka.

“Uwis Ed, kelingan beli karo Ratih kang bengiyen dadi rebutane bocah-bocah?”

“Iya kelingan, kan bengiyen kita gah pernah sanja ning umahe hahaha, priwe ceritae Man sira bisa karo Ratih?”

“Ceritae dawa Ed, kita kih nembe teka ning Ibu Kota, niate luru hiburan. Lunga lah kita ning Kalen Jodoh, beli werua ana tlembuk kang lagi nangis kerna tes digebugi deng lanange. Beli nyangka wong ikuh Ratih, kita beli terima ana wong lanang gebugi wadon, singkat cerita kita kawin karo Ratih lan ngongkon Ratih mandeg sing pegaweane.”

Wis ngerasa sukses lan deleng nasib bature kaya konon Edi langsung ngejak Parman usaha bareng. Edi pengene Parman bisa ngenceg usaha kang ning Jakarta, tapi Parman langsung nolak. Deweke emong menggawe langsung duwe posisi enak karna dudu usaha. Parman jaluke dadi tukang ambir bisa buktikan deweke kedik bisa menggawe bener. Akhire Edi, Parman lan Ratih balik ning jagate bareng.

Seuwise Parman dadi tukang ning Toko mebele Edi omset tokoe dadi nambah akeh. Tukang sejene dadi ngerasa kesaing lantaran Parman sering olih bayaran luwih akeh. Satim, Kasdula, lan Aab duwe rencana kanggo nguras duwite Parman carae maen kertu remi tuyulan lan duwitan. Satim weruh pisan kelemahane Parman ikuh kurang pinter apa maning ning itung-itungan. Pertama-tama emang Parman sengaja dimenangaken ambiran luwih semanget maene. Sekikie Parman sering beli balik ning umah lantaran duwe kesenangan anyar maen karo batur-bature, maen gaple, tuyulan, sapsaan, togel, kuclak lan sejene dicacaki kabeh.

Rabie sering ngeresula, duwite gemet lan kesepian ning umah. Saban dina Parman lan rabie dadi tukaran.

“Anggal dina balik esuk, cangkeme mambu inuman!”

“Aja sewot nok, kang penting kan kakang beli dolanan wadon, kakang mung nginum karo batur-batur kerja.”

“Preben kita beli sewot, rabi jental-jentul dewekan ning umah nonggoni laki, lakie balik dudue gawa duwit sing akeh teka-teka bari keliyengan lan muntah-muntah, sekikie ora mangkat kerja.”

“Iya nok...”

“Aja iya iyae bae, arep mangan apa sekiki? Duwit belanjae wis enteng gemet.”

Tes kejadian kuwen Parman langsung cerita ning sohib sekaligus majikane yaiku Edi. Parman ngarep Edi bisa ngerewangi masalahe.

“Hahaha yawes Man, soal duwit aja digawe pusing, maderan kita durung rumah tangga, sira jaluk apa bae pasti tak bantu, kita ngenceg prinsip sugih beli rerawat mlarat beli gegulat.”

“Kesuwun pisan ya Ed, sira emang sohibe kita.”

“Ya Man, duwit semono kanggo nguripi umah tangga ira sih beli masalah, lamon gelem sira tak pai modal tambahan kanggo kesenangane ira, kang penting ira bungah.”

“Hahaha kiyen dau arane sohib.” Bari nenggak inuman wong loro kuwen gemaya gemuyu ning jero diskotik.

Dina-dina seteruse Parman rasae kaya urip ning surga, kaya pribasane lir kadiya inten selebeting toya. Rasa bungah kerna ana cahya sing diarep-arepaken. Kesenangan apa bae bisa dilakoni. Balik bengi wis laka kang nyewoti asal kebutuhan umah tanggae wis kecukupi. Ratih wis beli pernah sewot lamun Parman beli balik ning umah. Parman ngerasa untung pisan duwe batur kaya Edi kang sering ngupai duwit kanggo kesenangane. Kesenangan jalan umah tangga aman.

Dina kuwen Parman wis ijin ning Ratih apan beli balik lantaran arep kaul karo batur kerjae sing wis pada nerima gaji. Parman, Aab, Kasdula, lan Satim maen kuclak bari mabok.

Awite Satim nakon, “Man rabine ira wis beli ilok nyewot tah lamun ira beli balik ning umah?”

“Beli Tim tenang bae, asal wareg mangan wareg jajan kabeh kebutuhan selalu kecukupan Ratih pasti idep.”

“Wah enak pisan ya dadi ira, senajan wis jarang kerja tapi duwite ngalir bae sing bos Edi.” Aab nimpali obrolan.

“Hahaha dudu mengkonon, kita kan sekalie menggawe pasti bisa gawe barang luwih akeh dibanding sejene.”

“Man nangapa sih Edi sampe kiyen durung duwe rabi? Deweke kan serba kecukupan, wadon endi sing beli gelem karo deweke.” Takon Kasdula penasaran.

“Lah sira sih nakone sing beli-beli bae, senajan kita

batur pareke tapi kita beli ilok ngobrol kaya konon karo Edi.”

“Wah aja-aja Edi senenge ning wong lanang ya Kas, asale sing bengiyen durung pernah ngonangi Edi karo wadon.” Jare Aab bari gemuyu ngakak.

“Iya Ab aja-aja senenge ning Parman, pantes deweke sering dipai duwit” Jawab Kasdula.

“Hahaha kirik kabeh.” Jare Parman.

Dina kuwen Parman olih rejeki akeh, maen kuclake menangan bae. Parman duwe pikiran apan bales jasa ning Edi, Parman gawa inuman lan panganan kesenangane terus dienek ning umae Edi. Wis kaya biasae Parman beli ilok permisi lamun dolan ning umae Edi. Manjing kari manjing bae, Parman langsung marani kamere. Wis biasae Edi jam semono ana ning kamer. Dau teka ning arepan kamere Edi lawang kamere rada melongo stitik. Apan dibuka tapi beli disangka ana suarae wong wadon lagi cekikikan bari suara ngaleman ning jeroe. Ning jero ati Parman ngucap syukur, Edi nyatae normal seneng ning wong wadon. Beli kaya sing dicurigai bature. Niate Parman apan diwurungaken kerna beli pengen ganggu kesenangane bature. Inuman lan panganan ditaroh bae ning arep lawange.

Dau rong langkah Parman arep balik Edi lan wong wadon ikuh nambah santer bae suarae, wong loro nambah santer gemuyue. Parman mandeg lan ngerunguaken suarae, kaya kenal suara wadone, suara alemane. Saking penasarane Parman ngewaniaken awak kanggo nginte sing lawang kamere. Awake dregdeg, matae terus dikucek-kucek, diplotototaken. Beli samar beli pangling ning awake kang lagi ora klambian, ning rambute kang dawa lurus digebyar, ning kulite kang mengkilap, ning matae sing kaya dammar kanginan, ning lambe kang abang kepundung. Parman mecahaken botol inuman kang wis ditaro ning adapan lawang lan langsung nendang lawange. Edi langsung nguculaken Ratih lan langsung sungkem ning sikile Parman.

“Maaf Man, kita weruh kita salah.”

“Nangapa kudu rabie kita Ed?”

“Sebenere sing bengiyen kita beli bisa klalen ning Ratih Man, kita kebayang-bayang bae sampe beli bisa demen ning wong wadon sejen.”

“Nangapa ira bli lok kanda sing bengiyen Ed?”

“Pangapura kita Man, kita pasrah arep diapaken bae deng ira.”


Karo sekabeh rasa salah ning rabie kang sering ditinggal, rasa salah ning Edi kerna beli weruh perasaane sing nyatane sing bengiyen demen pisan ning Ratih, weruh kelakuan bejad kabeane, langsung bae Parman ninggalaken sekabehane, mlayu separan-paran kaya layangan pegot sing benange bari milih banyu matae.

Parman sadar beli bisa nyalahaken sapa-sapa kerna deweke uga ngerasa wis dibebada dunya, bari jerit Parman ngomong Banda dadi memala pangkat dadi pemikat. Sekikie Parman langsung jukut keputusan kanggo ngiklashaken sekabehane, kabeh. ***

PUPUH JAWA DERMAYON

Karya DASMA ADIWIJAYA

SINOM



Judul: SRENGÉNGÉ

- (1)
 Ngocéki perkara basa
 Ning memulé basa mimi
 Sebuté basa padinan
 Bibit pancer basa Kawi
 Méh langka sing ngopéni
 Siji loro ilok nemu
 Sing wis ora digolang
 Klindih ning basa saiki
 Lamon tlala bakal lampus babar pisan
- (2)
 Pitakon sajroné kanda
 Srengéngé tah matahari
 Tenggara yén bakal ilang
 Sing dipilih matahari
 Ngilangna basa mimi
 Luwih seneng basa mlayu
 Srengéngé basa Jawa
 Basané mama lan mimi
 Ning Dermayu dienggo sing bengén mula
- (3)
 Wondéné sebutan aran
 Srengéngé tah matahari
 Srengéngé matané dina
 Guru ditakoni murid
 Jawabé matahari
 Sabab wedaré bli nemu
 Srengéngé iku apa
 Mata dina matahari
 Yén srengéngé..sreng apa ngéngéné apa
- (4)
 Srengéngé tah matadina
 Yén ning Mlayu matahari
 Panon poé yén ning Sunda
 Kembang durén go palupi
 Dlongop kasebut ning Jawi
 Sunda nyebut ngembangkadu
 Wis lumrah dadi aran
 Srengéngé basa dumadi
 Basa mimi ketelah sing jaman kuna
- (5)
 Srengéngé wis dadi aran
 Nawa arep diocéki
 Musababé jagat padang
 Pating srengéng gawé bribin
 Mung wujud kuwen siji
 Manuk weruh yén wis ésuk
 Ramé wong pada molah
 Yén jagat wis dipadangi
 Srengéngé iku sing gawé gara-gara
- (6)
 Srengéngé yén ta ning rupa
 Ireng tumémpél ning putih
 Yén rupa irengé piyas
 Sing gawé ireng mung satitik
 Srengéng tegesé bribin
 Sing ndadékna bribin iku
 Marga jagaté padang
 Manuk turu pada tangi
 Muni ngocéh wong molah gemiyak-giyak
- (7)
 Kaya sing disebut wédang
 Iku tembung basa Kawi
 Wé né banyu dang ya didang
 Teges banyu diatengi
 Tronggong kembangé Turi
 Yén Torong kembang Kecubung
 Wéwé kembangé Gayam
 Kembang Sabrang Pelik-pelik
 Yén Srengéngé..yaiku matané dina

13 Maret 2018

Puisi-Puisi H. RADILAH AS.

NASIB SENI TRADISI

warisan leluhur dadi ciri khas budaya
akéh seni tradisi sekiyen mulai langka
tontonan lan tuntunan tengeré budaya
apa zaman sekiyen arepan bakal punah

seni dermayon duwé nilai budaya
ana tarling klasik lan sandiwara
wayang cepak lan wayang purwa
sintren, terbang, lan topeng kelana

ana jaran lumping lan seni bérokan
genjring sulap, rudat, lan bujangaan
apa nasibé arep ilang diuntal zaman
padahal duwe nilai luhur dermayonan

ning désa lagi usum akéh wong hajatan
rega murah, organ tunggal dadi pilihan
biduané ganjen dangdanané beli sopan
gayané seksi goyangané gawé lap-lapan

pepek-rimeng seni tradisi dermayonan
apa nasibé bakal ilang sing pandangan
warisan budaya leluhur wis tetaunan
bakal sirna lantaran kurangé perhatian

Dermayu, 2018

NASIB WONG TANI

budaya rayat yaiku mapag sri
ning balédésa raayat pada pésta
ramé-ramé syukuran wong tani
panén bagus hasilé melimpah

panen pari hasilé melimpah
ning dermaga mepe gabah
tapi wong tani ora bungah
rega gabah anjlog murah

pragat panén akéh wong hajatan
awan bengi hiburan organ tunggal
duwit entok adol beras panénan
pragat usum hajatan langka modal

kadang wong tani kurang sadar
adol gabah kanggo pésta hajatan
péngén olih aleman supaya tenar
buwuhan beli cukup bayar hiburan

Dermayu, 2018

NASIB T-K-W

pribasané udan emas ning negri wong
tapi udan watu ning negri déwék
dadi t-k-w ning arab lan hongkong
hasilé mung bisa tuku motor bébék

ning désa ora nana pegawéan
kerja ning arab kerna kepaksa
dadi t-k-w lawas patang taunan
pikir nglamun batin rasa kesiksa

akéh t-k-w miyang luar negri
tapi surat-surat kerja ora resmi
ning luar negri ditangkep pulisi
manjing penjara nunggu deportasi

akéh sponsor t-k-w bobad baé
janjiné kerja karo gaji sing gedé
yén mangkat diutang ongkosé
sewaktu gajian dipotong gedé

ning luar negri majikané galak
kerja diperes sampé badané lemes
salah setitik majikané nyantak
beli tahan minggat ning kedubes

Dermayu, 2018

**H. Radilah As, waktu nom seneng ning macem-macem seni tradisi, uga aktif ning kelompok seni bocah nom ning Jatibarang Indramayu, "Kuntum Mekar". Sekiyen panggonané ning Jl. Pembangunan Indramayu.*



KALI CIMANUK MINANGKA SUMBER URIP

Ingsun Kang diarani Kali Cimanuk
Diciptan Gusti Allah karo kabeh rasa katresnan /
Kerja keras lan keringet banyune dewek
Ya Ingsun Cimanuk, tansah tonggak sejarah nalika lair saka negara /
Ingsun Cimanuk, banyune sing nyenengake sapa bae lan apa bae makhluk, apa bae profesi.
Ora mandheg apa, senjata wong nandhang sangsara lan bungah merwasuta/
Nalika liyane gumantung marang Ingsun, Banyu liwat pipa menyang nyebrang umah /
Dlupak murub jebole geni lan lenga
Ingsun Cimanuk sing bisa nginterpretasikake kabeh napas petani lan nelayan/
Ingsun saksi bisu petani sing katon wani, /
Sing nggarap tanah karo kebo, bajak, lan rake Kita sing nandur lemah nganti ngeculke.
Cimanuk nalika lendhut terus nyerah ing udan kabeh dina /
Ingsun Cimanuk sing nyakseni para nelayan luruh iwak ning segara /
Nalika Cimanuk kita mandheg nyambut /
Sabene uwong bakal keluwen lan anak Wiralodra bakal nangis /
Wong-wong sing egois lan dicemoake kekuwatane /
Rasa weruh saka kasangsaran wong miskin /
Ngomong wong mikir / Kenapa kita Cimanuk dadi banjir bandang?
Ingsun Cimanuk Tumindak bebarengan kanggo nundungi dhemit lan setan merkayangan!
Sapa bebaturan kelawan Ingsun, makmur negara.

Jatibarang, 12 Januari 2018



BRAYAN URIP NING NEGARA

Keanekaragaman bibit anyar iki mung minangka layanan lan jargon politik/
sing muncul nalika pemilihan sing rampung ing tahap politik/
Sampe intim kanggo ngedegaké pengaruh klompok oligarki lan kapentingan penguasa/ Kangge sawetara kelompok.
Bangsa iki minangka kekurangan saka pluralitas lan warna multikultural sing nyipta negara/
bangsa iki Muncul dudu krena kecenderungan sentimen SARA/
komunalisme, paternalisme. Ing pungkasan wong bakal dadi korban/
Lan bisa nyebabake kebanggaan lunturunya minangka bangsa Indonesia.
Kanthi rasa bingung iki bisa mbebayani amarga yen iku bakal nyebabake mundhake rasa nasionalisme.
Masa depan Indonesia ing lelampahan kasebut ditemtokake dening kualitas pemerintahan lan kualitas demokrasi./
Kualitas demokrasi sing ana hubungane karo strategi pembangunan karakter bangsa lan perkembangan ekonomi,
sosial, politik lan budaya.
Identitas politik lan transaksi politik kasebut mung bakal ngiringke nilai-nilai keragaman/
Demokrasi Indonesia ing arah ketidakstabilan politik lan malah bisa dadi wiwit saka nol.
Politik identitas mung bakal mbedakake Indonesia lan negara liane/
Pemuda lan siswa dadi unsur kunci ing masyarakat sing penting kanggo melu bebera/
Lakoni pitutur kang gawe sepepada bisa ngerteni swara lan ngiyatake pedoman nasional.

Jatibarang, 12 Januari 2018.

PIWULANG UPAYA NGAJARAKEN BASA CERBON NING MURID

déning SULASNURPENI
Guru SMP Negeri 5 Kota Cirebon

Basa Cerbon iku manjing salah siji basa mimi. Ning jaman sekien, akeh wong kang bli bisa ngomong nganggo basa Cerbon. Aja maning bocah cilik, wong gede bae akeh kang bli bisa ngomong nganggo basa Cerbon. Kabeh iku disebabaken sing awit cilik ning mimi lan mama bli dibiasaaken nganggo basa Cerbon. Basa

basa Cerbon ning bocah utawa murid. Dadi, guru kang ngajar basa Cerbon kudu nganggo basa Cerbon lamun ngajar. Maksude, basa pengantar kang digunakaken basa Cerbon. Cara iki tujuane supaya bocah utawa murid sering ngrungu lan kenal basa Cerbon. Yen bocah utawa murid sering ngrungu kosa wecana basa Cerbon, suwe-suwe murid bisa kenal lan bli asing karo basa Cerbon.



kang dikenalaken ning wong tuwa nganggo bahasa Indonesia. Dadie bocah-bocah sing awit cilik komunikasi karo wong tuwa nganggo bahasa Indonesia.

Ning unggal sekolah, sekien wis diajaraken basa Cerbon sing awit SD sampe SMA. Tujuane supaya generasi muda pada ngerti basa Cerbon lan bisa ngomong nganggo basa Cerbon. Tujuan sejene yaiku upaya kanggo ngelestariaken budaya daerah, salah sijine basa Cerbon.

Ana cara-cara kang bisa dienggo kanggo ngajari bocah utawa murid ning sekolah, ambir bocah utawa murid bisa kenal, ngerti lan ngomong basa Cerbon. Carae yaiku bocah utawa murid sering ngrungokaken lan latihan ngomong basa Cerbon.

Ambir bocah utawa murid kenal basa Cerbon lan bisa ngomong basa Cerbon, yaiku karo cara :

1. Ngrungokaken

Ngrungokaken iku salah siji upaya kaggo ngenalaken

utawa diarahaken. Dadie bocah utawa murid iku ngerti yen wecana kang dienggo utawa diucapaken iku durung bener. Suwe-suwe uga bocah utawa murid ngerti lan bisa ngomong nganggo basa Cerbon. Lamun bocah salah ngomong, terus diseneni gurue, pasti bocah iku bli gelem maning ngomong nganggo basa Cerbon. Lantaran wedi diseneni lamun salah ngomong. Kang penting bocah latihan lan belajar wani dikit ngomong nganggo basa Cerbon.

Mulane iku, kanggo mama lan mimi guru kang ngajar pelajaran basa Cerbon, sering-sering bae nggunakaken utawa ngomong nganggo basa Cerbon karo murid utawa bocah ning kelas. Ambir bocah utawa murid sering ngrungu wecana basa Cerbon lan bisa ngerti basa Cerbon. Lamun wis ngerti, suwe-suwe lamun dilatih uga bocah utawa murid bisa ngomong nganggo basa Cerbon***.

2. Latihan Ngomong Basa Cerbon.

Sejene ngrungokaken basa Cerbon, bocah utawa murid uga dilatih ngomong basa Cerbon. Arep salah utawa bener, bagen bae. Sing penting murid gelem ngomong nganggo basa Cerbon. Lamun bocah utawa murid salah nggunakaken kosa wecana basa Cerbon, aja diseneni utawa digeguyu ning gurue. Kang bener yaiku dilurusaken

NEGARA OYOD MINGMANG

déning WAHYU IRYANA

Oyod ning bahasa Dermayu-Cirebon (Derbon) bisa diartikna kalian akar (pohon), nanging arti *Mingmang* bisa uga diartikakaken gamang, stagnan, bingung, buntu lan ora bisa berbuat (diam) alias mblenger. Bahasan kaitan *Oyod Mingmang* penulis olih inspirasi ning Naskah Sulaiman Sulediningrat kisah rawuhe Kanjeng Sunan Gunung Jati nalika naklukaken wilayah-wilayah seputeran Cirebon, kepanjiing salahsawijine kisah Arya Kemuning ingkang mboten saged ketemu daerah Cimanuk (Dermayu), Krena Raden Indra Wijaya sang adipati Dermayu nandur *oyod mingmang*. Singkate *oyod mingmang* pinika platform kearifan lokal ingkat nggambarkan gamang tumindak.

Ning taun politik 2018 iki rayat dadi gamang krana wewara media kang simpangsiur. Info lan kabar brita sing ora puguh jentrunganane gawe ibur sejagat-jagat. Politik iku sebenere daka para pejabat bae, timpange trias politika ning negara iki bisa diartiaken sebabe suatu problem sing mesthi ora sehat kanggo urip bangsa. Ana komunikasi stagnan antarane para elit ing negara iki, ing basa Asep Salahudin diejawantakan karo komunikasi heurin ku letah. Miturut Asep Salahudin, sikap heurin ku letah yaiku komunikasi sing ora sopan saengga ora perlu dikendhaleni. Sikap iku minangka komunikasi cendhek sing tambah akeh nyebabake wong dadi tambah ajeg.

Minangka warga sing apik, mesthi kita setuju yen tugas para pamimpin supaya padha dipilih dening rakyat, mesthine kanthi biaya pemilihan sing larang, nanging mesthine tujuan sing bisa dituju yaiku nyiptakake negara kesejahteraan, supaya kanthi jelas tujuan sing pungkasan yaiku kesejahteraan rakyat. Pelaksanaan pemimpin sing dipilih dening rakyat paling sethithik ngupaya njaga rasa keadilan sing padha kanggo kabeh pihak, sanajan ora ana gendera, budaya, etnisitas, basa lan agama partai. Pemimpin ing literatur Derbon tegese "wong agung" saenipun saged nyedhiyakake rasa nyaman marang sapa waé, papan perlindungan Tarub ing ngendi kontrak sosial wis rampung kanthi tujuan umum mbangun peradaban masyarakat demokratis.

Rangka imajinasi kita kudu bisa nembus hambatan peradaban sing menghegemoni kesejahteraan rakyat, sanajan wong sing paling dhuwur sing dianggep minangka pangayom ing praktik asring ngalami owah-owahan amarga kekerasan sing dialami oyod mingmang, asring kena infeksi ing kawicaksanaan, lan kebuntuan njupuk peran sing penting nemtokake nasib wong sing milih. Ing literatur penalaran imajinatif, masyarakat Dermayu-Cirebon ngrubah wangune dadi wong liya, minangka strategi politik kanggo ngapusi mungsuh



supaya bisa ngalahake kemulyaan. (Tan hana sawiji wiji sejatining manusa sinatria malih rupa, ngongkrod jejol wawanen kamulyan). Nanging ing sisih liya, dadi naif sing akhire pejabat sing wis ngowahi sandhangan lan panji ora bisa nindakake akeh amarga sistem gedhe kaya Oyod Mingmang sing ngiket.

Dominasi literatur politik Derbon manungsa bisa ditandhani ing Wong asih ora kurang pengalem, wong sengit ora kurang penyacad (wong welas asih ora kurang pujian, wong sing duka ora kurang disdain). Supaya target kanggo mbukak roda pamarentahan sawise dipilih bisa dioptimalake. Amarga ing pungkasan kita ketemu wong becik ketitik, wong ala ketara. Makna sing luwih wiyar nalika digandhengake karo alesan positif para pemimpin supaya dadi pepakem yaiku kebecikan lan piala saka pimpinan ora bakal ditutup, amarga nalika dheweke nggawe kesalahan utawa wong sing becik bakal ngerti.

Kasunyatan sing sejatine nggawe kita nyadari yen perilaku politik ing negara iki isih adoh saka kepinginan masyarakat ing umum. Politik sing ngrancang sing ngalami prilaku ala, muttering lan slandering, nyebar fitnah, digunakake kanggo popularitas, nglakoni tindak pidana kolusi, korupsi lan nepotisme sing nduwe gapura candradimuka dening Stanislav Andreski (1968). disebut Kleptokrasi utawa Korupsi minangka Sistem Pamrentahan, Negara Kleptokrasi; Organisasi anti korupsi dianakake dening papat aktor intelektual: pejabat negara, aparat birokratis, anggota parlemen, lan sektor swasta sing dimainake para pengusaha. Ing pernyataan kasebut, Imam Ali

ibn Abu Talib ngandhani yen tindak pidana diatur ngalahake kebecikan sing ora diatur. Jangan-jangan negara kita terjangkit sindrom *obor blarak*, terjebak pada kekayaan alam yang tak terhingga, namun angka kemiskinan semakin menampakkan grafik menaik, menjadi bangsa yang berada di halaman belakang dari lembaran bangsa-bangsa Dunia. Tentu saja kekayaan khasanah kearifan lokal masyarakat Indonesia di seluruh penjuru tanah air mesti dijadikan modal sosial agar menjadi darah segar yang memompa keseluruhan jasad manusia Indonesia untuk meraih keadaban hidup berkesejahteraan yang sesungguhnya.

Hal ini harus difahami sebagai kepentingan universal yang mendesak karena budaya *High Culture* harus tetap terbuka terhadap nilai-nilai counter hegemonik, karena hal ini penting bagi survivalitas antar etnis secara kolektif. Kearifan lokal harus melakukan dekonstruksi nilai-nilainya yang tidak kondusif terhadap demokrasi, tanpa menghilangkan

nilai-nilai luhur tata hidup berbangsa.

Manungsa pancen duwe ide lan kepinginan sing dhuwur. Alfred Marshall, seorang ahli ekonomi ing Inggris, ngandhakake yen kemajuan ing perhiasan urip bakal ninggalke taraf urip, lan yen kedadeyan kasebut banjur kondhisi ekonomi bakal nambah. Kasunyatan saiki, pamaréntah ing tataran sajarah Indonesia mbutuhake kita nampi kasunyatan yen perjuangan lan perjuangan kekuwatan sing kedadeyan nyebabake kelalaian lan tugas suci kanggo ngawula marang masyarakat. Pamaréntahan milih ngurus partai-partai, tinimbang mikir bab nasib wong-wong cilik sing ditindhes dening

nyawane wektu (zeitgest).

Kerangka sinden ing pepakangan pawayangan " *Sun besuk mariya eman/Yen wonten grananing sasi/Srengenge kembar lima/Lintang alit gumilar sing/Sawiji tan hana urip/Mung sira kelawan isun/Matiya munggah suwarga*. Amarga kekuwatan politik sejatine mesthi coincide ing timbal balik karo nilai budaya sing diadopsi dening para pelaku. Aktor politik dasaré duwe kecenderungan ora ngapusi. Punika tundhuk marang etika kanggo tansah ngandharake yen bebener iku bener, lan sing salah iku salah. Yen ing

sembarang wektu ngapusi, banjur goroh bakal entuk oposisi saka nurani. Lan pesen penolakan iki uga bisa ditangkap dening lensa nurani liwat gerak awak bhasa, kalebu makna paralinguistik sing umum katon ing pasuryan para pelaku.

Mesthi luwih becik yen masalah-masalah sing dibungkus ing saindhenging Indonesia bakal rampung. amarga wong biasa bakal tansah



nyedhiyani tandha pitakon marang demokrasi demokrasi maneka warna ing negara iki perlu dibatalake langsung. Pemerintah, ing kasus iki pangusaha lan kabinèté, lan anggota dewan partai apa waé kudu langsung nindakake karya bebarengan, utamané kanggo nyedhiyakake solusi minangka bagéan saka pamikiran pulitik masarakat. Yen ora, iki bakal narik kawigaten ing babagan politik ing masyarakat Indonesia supaya bisa ndemek apathy sing ngasilake disintegrasi bangsa ing rotasi *oyod mingmang*. *Wallahualam*.

Penulis, Essais nulis Roman Sejarah Momi Kyoosyutu.

KAMUS BASA CERBON-INDONESIA

Sumber: Kamus Bahasa Cerbon-Indonesia terbitane Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Provinsi Jawa Barat

Adam (Adam), *Nabi Adam*

Adang (Adang), 1. *Menanak nasi dengan dandang.*

2. *Menghadang, menghalangi.*

Adang-adang (Adang-adang), *berupa sesuatu benda untuk menghalangi sinar matahari atau air hujan.*

Adang-adangan (Adang-adangan), *adanya dua kelompok yang saling menghadang.*

- **Ngadang-ngadangi** (Ngadang-ngadangi), *menghalang-halangi.*

- **Pengadangan** (Pengadangan), *tempat menanti kendaraan.*

Adag-ngadag (Ngadag-adag), *tidak bisa bangun dari tempat tidur/tidak bertenaga.*

Adan (Adan), *Adzan.*

Adas (Adas), *tumbuhan yang bijinya dibuat minyak *Foeniculum vulgare mill.**

Adas Pulasari (Pulasari), *tumbuhan melilit, kulitnya hrum dan dipakai untuk obat.*

Adaspulasari, *adaspulasari nama dari jenis rempah bahan jamu tradisional (arane jenis empon-empon, bahan kanggo gawe jamu tradisional)*

Contoh: “Supaya mangane solot mipisa temulawak, kunir, aja kari adaspulasari toli saringan terus dijamu”.

Adat (Adat), 1. *Suatu kebiasaan yang lazim dari dahulu hingga saat ini.*

2. *Kebiasaan baik yang hingga kini masih ada.*

Adat, *watak, kebiasaan tatacara dalam kehidupan seseorang, lingkungan (watek/tingkah laku ning uripe sawijining wong/lingkungan)*

Contoh: “Wong irup iku adate beli pada, ana sing alus, ana sing kasar priben adat kebiasaan lingkunganane”.

Adeg-ngadeg, *berdiri (kaanane beli lagi ndodok, beli turu)*

Contoh: “Adegaken dingin aja didodokna utawa diturunaken”.

- **Adeg-adegan** (Adeg-adegan), *hanya berdiri saja (mengobrol).*

- **Adengan** (Adengan), *membeli kayu yang pohonnya masih berdiri.*

Adem, *ukuran suhu 20° C, tidak panas (beli panas)*

Contoh: “Wedang adem”. “Jangane wis adem”. “Hawae wis adem”.

- **Adem-ayem** (Adem-ayem), *tenang-tentram.*

- **Ngademaken pikir** (Ngademaken pikir), *menenangkan pikiran.*

- **Suket adem** (Suket adem), *sejenis rumput ilalang yang dapat dibuat tikar.*

Adep (Ajeng), *hadap.*

- **Madep** (Majeng), *menghadap.*

Adhag-udhug (Adhag-udhug), *sombong.*

Adhi (Adhi), *adik.*

Adhiguna (Adhiguna), *sifat akhlak yang tinggi, berjasa, berwatak baik.*

Adhuh (Adhuh), *ucapan karena sakit.*

Adi, *adik, sedulur enom (sedulur enom tunggal saembok-bapak, kang laire i tenimbang kakange)*

Contoh: “Hertin iku adine Rini, sawise Rini umur tekurlung taun, Hertin nembe lair”.

Adi, *baik/lebih bagus (bagus/linuwih)*

Contoh: “Adi werna busanane”. “Nuradi uripe bakal olih basib bagus/kaluwihan”.

Adi (Adi), *besar, tinggi, pertama.*

Adi daya (Adi daya), *kekuatan yang besar.*

Adijaya (Adijaya), *digjaya.*

Adipati (Adipati), *adipati.*

Adipura (Adipura), *penghargaan tinggi untuk kota terbersih.*

Adirata (Adirata), *kusir.*

Adisura (Adisura), *pahlawan yang hebat.*

Adiwarna (Adiwarna), *warna cemerlang, kecemerlangan untuk negara.*

Adil (Adil), *adil.*

Adil, *adil, dipertimbangkan dari segala segi/unsur (beli kejem, secara jujur, kairing arsa welas asih, beli abot sairing).*

Adoh (Tebih), *jauh.*

Adoh, *jauh, tidak dekat (beli parek)*

Contoh:

- “Indramayu—Jakarta, Indramayu—Surabaya, masih adoh ning Surabaya”.

- “Umahe adoh apa parek?”

Adol (Sade), *jual.*

- **Dol-tinuku** (Dol-tinuku), *jual-beli.*

Adol, *didol, jual, dijual (disengaja).* Barang sing dimiliki iku didagang, ngarepaken ana sing tuku.

Contoh:

- “Adol gula lilit”

- “Adol sawah”

- “Didol pira ayame?”

- “Sawahe wis didol”

Adol-adolan, *dijual semua apa adanya.* (kabeh barange sing dadi milike didol kabeh sampe entong gemek, kanggo kebutuhan urip saben dinane)

Contoh: “Saking lawase nganggur beli bisa usaha, sampe adol-adolan barang soane, saking butuhe kanggo mangan sadina-dinane”.

Adon-adon (Adon-adon), *adonan.*

Adon-adon, *bahan dari tepung yang diaduk dengan campuran lain kemudian diberi air terus diaduk, namanya adon-adone (glepung utawa aci boled, dijur kentel sing dicampur karo bangbu apa bae terus diulene arane adon-adon)*

Contoh: “Aja gemek dicikok dingin nyan durung sewat adon-adone, mengkane serabie beli megar, beli empuk, mateng ma mateng tapi dipangane bengka/kaku”.

Adreng (Adreng), *ungkapan rasa kurang puas atau kurang percaya diri.*

Adu (Adu), *adu.*

- **Ngadu** (Ngadu), *mengadu/menyabung (ayam).*

- **Ngadu-ngadu** (Ngadu-ngadu), *tindakan tercela karena mengadakan seseorang tentang sesuatu hal yang belum tentu benarnya.*

Aduh, *kata seru terkait dengan kesakitan (omongan ngrasakaken lara)*

Contoh: “Aduh... pak sret kenang kegesrek”.

Aduk, *aduk, diaduk, mengaduk, adukan; ngocok sampai merata (dikoleh sampai awor)*

Contoh: “Antara wedi lan semen campuran toli diaduk sampe awor”.

Adul (Ngadul-adul), *berbuat menjadi tidak rapi lagi.*

SEGA LENGKO

Sega lengko iku salah sawijiné panganan khas Cerbon-Dermayu. Dudu jaburan, dudu kanggo gayeman. Tapi sega sing ana lawuané. Utamané kanggo mangan wayah ésuk utawa sarapan.

Senajan umumé kanggo sarapan, sekiyen sega lengko uga ana sing adol wayang awan, soré, utawa bengi. Mungkin kerna payu, akiré ana baé wong adol sega lengko ning wayah-wayah iku.

Kenangapa diarani léngko? Sampé sekiyen durung ana jawaban sing pasti. Ana uga mung mbadék baé karo alesan sing rada-rada mémper. Ana sing nyebuté kerna duwé asal sing “leko”, yaiku sega dicampur karo banyu bebekan kacang lan kecap. Dadiné leko.

Sega léngko pancén masakan sing praktis. Sega lengko wayah ésuk beli suwé diateng-atengé. Dadi pas kanggo wayah ésuk, sing seringé wong krasa buru-buru mangkat menggawé. Ana wong arep mangkat ning sawah, ning pasar, ning sekolah, ning kantor, lan séjén-séjéné sing katoné buru-buru.

Sampé sepréné sega lengko tetep dadi panganan wayah ésuk sing favorit. Apa maning yén ditambahi endog semur utawa endog goréngan utawa endog asin. Uga bisa ditambahi ayam goréng, saté, lan bistik. Anané lawuan kaya konon gawé sega lengko tambah nikmat.

Yén arep gawé sega lengko, gampang pisan. Kiyen bahan-bahané:

- Sega putih secukupé
- Timun, secukupé
- Tokol, secukupé
- Bawang abang, secukupé
- Bawang kucai, secukupé
- Tahu, secukupé
- Oncom, secukupé



Bungbu-bunguné, yaiku:

- Kacang olah, secukupé
- Sabrang abang, secukupé
- Uyah, secukupé
- Gula pasir, secukupé
- Bungbu masak sejene, secukupé
- Bawang abang, secukupé
- Kécap manis, secukupé



Cara gawéné, yaiku:

- Bawang abang diiris-iris, terus digoreng sampé garing.
- Kacang olah digoréng, digerus sampé lembut. Sabrang abang digerus sampé lembut. Gerusan kacang olah lan sabrang abang mau terus dicampur banyu, digoréng. Selanjuté dipai bungbu uyah, gula pasir, lan bungbu masak séjéné.
- Tokol dialub ning banyu panas.
- Timun, dicacag-cacag sampé rada lembut. Bawang kucai diiris-iris rada cilik.
- Tahu lan oncom digoréng. Bisa garing, rada garing, utawa beli pating garing. Iku terserah sing péngéné.
- Sega ditaroh ning piring. Olahan kacang lan sabrang sing wis digoréng disiramaken ning sega, secukupé. Sawisé kuwen dikecroti karo kécap manis.
- Selanjuté yaiku timun, tokol, lan bawang kucai ditawuraken ning duwur sega mau. Tahu lan oncom uga ditawuraken bareng karo timun lan tokol.
- Sing pungkasan yaiku goréngan bawang, uga ditawuraken ning sega lengko mau.

Yén wis bérés kabéh, kari disajiaken baé, lan siap dipangan karo sega. Énak maning yén ditambah goréngan endog, utawa endog dadar, utawa endog semur, utawa endog asin. Sing luwih nikmat maning yén ditambahi goréngan ayam utawa saté. Wow, nikmat pisan! Krasa wareg ning weteng. Krasa sedep ning gorokan, ilat, lan lambe. **(tim pesisir)*****

PITULASAN

déning R.Y. ADAM PANJI PURNAMA



Wis olih rong minggu warga, utamane para nom-noman, pada sibuk ngurus kampunge. Mulai senget ngurus lingkungan, pager umah, sampe ning pejaratan. Ora kalah wong tua-tua gah melu-melu, ora mung tenaga, sampe duit gah wis ora kepikiran wis metu pira. Pengurus RT uga ora kalah sibuk, utamane ngewadahi kepengenan warga lan para pinisepuh kang pengen melu meriahaken

“Bapak-bapak, Ibu-ibu, lan pinisepuh. Kula minangka pengurus RT ngucapaken maturnuwun kangge para sederek sedaya pun dateng teng undangan saresehan ngerumusaken acara syukuran tepung taun Negara Kesatuan Republik Indonesia ingkang 73 taun,” Lamsijan minangka Ketua RT ngebuka rapat. Kaya biasane unggal pitulasan. Wakil pemuda ngumpul ning pojokan bari sekali-sekali katon ngobrolaken kepengenan acara, wong tua-tua pada dodok anteng bari ngrongokaken. Ana uga sing wis ngantuk, kayae kepegelen bokat mah. Pertemuan iki dilaksanaaken ning tajug seuwise sholat Isa.

“Alhamdulillah, kula ngucapaken kesuwun ning para kasinoman kang sampun gotong royong bebenah, bebersih, lan ngias kampung. Seniki dalam lan pager umah katon indah, unggal gang wis ana kaca-kaca sederhana tapi kreatip. Pejaratan gah pun boten medeni, kabeh wis melu partisipasi nganggo meriahaken syukuran niki,” Lamsijan narik ambekan.

“Dinten niki, kula nyuwun masukan usulan ngangge rangkaian acara supados wonten peningkatan lan saged kita sekabeh milet ndukung lan nikmati, sumangga bilih wonten kang bade usul,” Lamsijan ngenteni usulan.

“Kula bade usul,” Fadoli minangka wakil sing kasinoman ngacung. Batur-bature pada keprok, bari rada guyonan.

“Hidup Doli..., hidup Doli...,” bocah-bocah kaya kampanye calon Bupati bae. Doli gemuyu-gemuyu, bari gayane menengaken para pendukunge. Wong-wong tua

pada melu gemuyu, sing ngantuk mau tangi langsung melu keprok terus malah arep ngadeg.

“Arep mendi Wa?” Turidi narik wa Kamid sing arep ngadeg. Wa Kamid rada kaget, deleng sing sejene masih dodok bari pada gemuyu. Senget mau wa Kamid ora sadar wis dadi pusat perhatian, merga keturon senget awal rapat. Ya kudu dimaklum, wa Kamid kuh kepegelen kenang gaweane. Baka esuk meng kebon, awane deweke dadi pengurus kebersihan lingkungan RT.

“Arep balik ari wis beres rapat mah,” bari clingak-clinguk keder. Uwong-uwong nambah gemuyu, wa Kamid nambah keder.

“Durung Wa, tapi bokat wa Kamid pegel lan arep ngasoh mah boten napa-napa wa,” jare Lamsijan

“Sapa kang pegel, reang mah mung arep nglempengaken sikil bae. Ora papa, reang gah pengen weruh engko ana acara apa bae lan kudu meriah. Reang siap melu ngerameaken,” bari rada isin, ilang ngantuke. Fadoli wis siap-siap ngelanjutaken usulane

“Kula minangka wakil pemuda bade ngusulaken acara kang Insya Allah dilaksanaaken pas tanggal pitulase. Acara niku kebagi tiga babagan, setunggal masalah Upacara, sing kekalih masalah pawai lan lomba, ketiga syukuran lan rame-rame. Kula bade njelasaken soal Upacara, kula sareng rencang-rencang sepakat bade ndamel upacara teng RT mawon. Wontenipun tempat ya teng halaman tajug niki, ketingale cekap saged nampung, wong pas lebaran mawon saged nampung teng riki. Tata cara upacara mengkin para pemuda saged dados petugase dibantu pengurus keamanan,” Fadoli mandeg

“Sae niku, usulan sae. Kula setuju,” wa Kamid wedi didarani ngantuk langsung setuju.

“Ko dikit Mid, Doli durung pragat ngejelasaken. Aja maen setuju akur bae, kudu dirongokaken bokat ana kang bisa ditambah disuda arane gah rembugan,” mbah





Kosim nenangken wa Kamid.

“Supaya acarae sisan, pas upacara klambie baka saged kang mencerminkan para pejuang utawa klambi daerah. Baka kang sepuh-sepuh sumangga bilih wonten kang bade ngangge rasukan perjuangan utawa kang saged meriahaken pawai. Sampun upacara, sekabeh pesertae langsung pawai mubeng kampung,” Fadoli njelasaken. Wong tua mantuk-mantuk, kebayang jaman bengen pada melu pawai ning desa.

“Pripun bapak-bapak, ibu-ibu setuju?” Lamsijan nakon

“Setuju.....,” uwong-uwong hamper bareng-bareng ngomong. Katon ning matae pada ngebayangaken arep dadi apa bae.

“Iya kula setuju, kaya deleng ning tipi gah upacara taun wingi ning istana Jakarta gah para penggede nganggo klambi daerah. Katone bagus-bagus, ya ning kene mah semampue bae ya. Kang penting katon bersatu lan nge-regani jasa para pahlawan,” wa Kamid nambah semangat

“Kalem Wa, ngangge masalah niki mungkin para kasinoman kang nyiapaken. Para sesepuh mah pun wayahe milet boten sah repot-repot,” Fadoli negesaken

“Siap...siap...siap...,” kasinoman pada nyaut.

“Setuju, mung reang usul. Arak-arakan utawa pawai, aja klalen mampir ning pejaratan. Sisan nyekar meng para sesepuh kampung. Kita sekabeh ana amerga jasa-jasa buyut leluhur kita sekabeh sing mbabad awal

kampung kien. Supaya kita sekabeh ora klalen ning sejarah lan asal-usul kita sekabeh,” mbah Kamid usul bari mbeneraken kupluke.

“Setuju....setuju...,” uwong-uwong pada rebutan ngomong kaya dielingaken.

“Nah balik sing pejaratan, ko langsung meng tajug maning ya,” Bi Eti anteng ngomonge

“Ana apa Bi?” Fadoli keder

“Bibi karo ibu-ibu arep ngeliwet lan mangan bareng-bareng ning kene. Pokoke ko bareng-bareng, sekalian syukuran sekabeh lan donga bareng-bareng nganggo negri lan bangsa,” bi Eti rada brebes mili, langsung rembugan karo ibu-ibu.

“Setuju pisan baka urusan mangan mah, aja klalen gesek karo sambel trasi Bi,” Mang Pardi nyaut

Bengi kuen, kabeh acara wis diomongaken. Lamsijan lega, wargane masih guyub ora kepengaruh kenang berita-berita kang ora-ora. Wargane masih kentel peseduluran lan saling ngeregani, sing enom ngeregani lan hormat karo wong tua. Wong tua ora klalen karo sejarah la nasal usule. Lamsijan bangga, kien sing diarani persatuan lan kesatuan. Kebayang engko pas tanggal pitulase, gede cilik, tua enom, pada upacara, arak-arakan bari nyanyi, dedonga ning pejaratan, lan mangan-mangan ning tajug. Matae ora kerasa brebes mili.

“Merdeka,” ora kerasa Lamsijan ngucap alon.



Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Jawa Barat



Pemilihan Duta Bahasa Pelajar Jawa Barat 2018

“Peran Pelajar dalam Meningkatkan Kesetiaan dan Kebanggaan Masyarakat terhadap Bahasa Indonesia”

Kriteria

- pelajar SMA/SMK/MA di Provinsi Jawa Barat;
- menguasai bahasa Indonesia, bahasa daerah di Jawa Barat, dan minimal satu bahasa asing;
- memiliki kepribadian baik dan penampilan menarik; dan
- memiliki keterampilan yang dapat dipertunjukkan atau menguasai kesenian Jawa Barat.

Persyaratan

- mengisi formulir pendaftaran pada tautan bit.ly/DUBASPELAJAR2018 dengan lengkap;
- melampirkan surat keterangan dari sekolah atau kartu pelajar;
- melampirkan foto seluruh badan terbaru; dan
- membuat esai berbahasa Indonesia sebanyak 1 halaman A4, Times New Roman, 12 pt, 1 spasi, margin 3-3-3-3, dan sesuai tema umum: “Peran Pelajar dalam Meningkatkan Kesetiaan dan Kebanggaan Masyarakat terhadap Bahasa Indonesia”.

Total Hadiah
**30 JUTA
RUPIAH**

Seluruh **persyaratan** dikirim ke alamat pos-el ikadubasjabar@gmail.com dengan subjek DUBASPELAJAR/NAMA/SEKOLAH/DOMISILI paling lambat 17 Agustus 2018, pukul 23.59 WIB.

TANGGAL PENTING

Pendaftaran : 17 Juli--17 Agustus 2018
Pengumuman : 22 Agustus 2018
Tes UKBI & Esai : 27 Agustus 2018
Pembekalan : 6--7 September 2018
Malam bakat : 8 September 2018
Final : 10 September 2018



@dubasjabar



Duta Bahasa Jabar



@wcb8515h



www.dubasjabar.id



@dutabahasajabar

Balai Bahasa Jawa Barat

Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung
Telepon (022) 4205468
Faksimile (022) 4218743

NARAHUBUNG

Ibu Nia Kurnia : 081321891100
Vicky Taniady : 087822318138 | Line: vickytaniady
Akbar Selamat : 085872737530 | Line: akbarselamat

Biaya Pendaftaran
GRATIS!



